ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДАРЭ КЪЫДОКІ

№63 (23.471) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 8, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Жылагъуэхэр зэІуэпэщ мэхъу

«КЪБР-м и муниципальнэ щыналъэхэм я совет» ассоциацэм гъэ къэс къызэригъэпэщ зэІущІэр иджыблагъэ щекІуэкІащ Правительствэм и Унэм. Абы къырихьэлІат КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, КЪБР-м и Конституцэ судым и Унафэщі Геляхов Абдулыхь, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэ - щыпІэ унафэр зегъэкІуэным пыщІа Іуэхуэхэмкіэ управленэм и унафэщі Сарбашевэ Светланэ, Ассоциацэм и правленэм и тхьэмадэ Пэнагуэ Максим, Ассоциацэм и гъэзэщІакІуэ директор Маслов Николай, республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым и депутатхэр, министерствэхэм, ведомствэхэм, къэрал комитетхэм я унафэщІхэр.

АССОЦИАЦЭМ и тхьэмадэ Пэнагуэ Максим и докладым зэпкърыхауэ щытепсэлъыхьащ мы зэгуэныгъэм иджырей лъэхъэнэм зэфІигъэкІэм. Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хаха нэужь муниципальнэ щыналъэхэм щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ я органхэр щІэуэ къызэрагъэпэщыжащ. Республикэм щыпІэ унафэ зезыгъакІуэ и органхэм иджыпсту цыху 4484-рэ щолажьэ. Абыхэм ящыщу 1524-р щыпІэ советхэм я депутатщ, адрей 2960-р администрацхэм я лэжьакІуэхэрщ.

2017 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьэлІэу ассоциацэм кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я администрацэу 13-рэ, кьалэу 7, кьуажэу 112-рэ къыдэщІиубыдэу щытащ.

- Абыхэм я лажьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэр, - къыхичгъэщхьэхуКІащ Пэнагуэ Максим, - щыналъэхэм я бюджет политикэр зэпІэзэрыту пхыгъэкІыныгъ. ИкІи а кьалэныр щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ органхэм я нэхъыбаІэм къохъулІэ. Абыхэм лэжьапщІэмкІэ, коммунальнэ Іуэхутхьабзэхэм я уасэхэмкІэ, налогхэмкІэ щыхуэ ятемыльу блэкІа илъэсыр ящхащ. Іуэхум нэхъ екъулІахэм ящыщщ Дзэлыкъуэ, Бахьсэн муниципальнэ районхэм, Налшык, Прохладнэ кьалэ округхэм я щыналъэ администрацэхэр.

Зэгуэныгъэм и тхьэмадэ Пэнагуэ Максим апхуэдэу зэпкърыхауэ кІигъэлъэгъуащ муниципальнэ щыналъэхэм иужь илъэсхэм зыужьыныгъэ нэрылъагъуэхэр зэрагъуэтар, къуажэхэмрэ кьалэхэмрэ кІуэтэху нэхъ зэІуэзэпэщ зэрыхьэр, мэкъумэшыщІэхэм кІуэтэху гъавэу, Іэщхькіыу нэхъыбэ къызэрырахьэлІэр, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм, промышленностым, егъэджэныгъэм, социальнэ Іэнатіэм зэрызэужьыр.

Зэ1ущІэм хэтахэр апхуэдэу едэІуащ экологие шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщыныжьмкІэ щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм теухуауэ КЪБР-м щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрым и къуэдзэ Коновалов Олег ищІа докладым. Абы къыхэщащ Экологием и илъэсыр егъэкІуэкІыныжьмкІэ, «КЪБР-м дыкъэзыухъуреихь дунейр щыхъумэным и Іуэхуэкіэ», «КЪБР-м щагъэкІуэкІ жылагъуэ экологие къэпщытэныгъэм и Іуэхуэкіэ» республикэм и законхэр нэгъэсауэ гъэзэщІэным и лъэныкъуэкІэ щыпІэ унафэ зезыгъакІуэ и органхэм къабгъэдэхуэ кьалэнхэр.

Яныныкъуэ муниципальнэ щыналъэхэм, кьалэ округхэм, жылагъуэхэм я Іэтащхьэхэр зэрахъуэжам кьыхэкІыу зыхуэфащэ зэхъуэжІныгъэхэр хальхьащ «КЪБР-м и муниципальнэ щыналъэхэм я совет» ассоциацэм хэтхэм.

Зэ1ущІэм кьыщащтащ 2016 гъэм ассоциацэм и бухгалтер баланс гъэзэщІа зэрыхъуам теухуа отчётымрэ 2017 гъэм ассоциацэм и бюджетымрэ. Правленэм хэкІыжхэзэм я пІэкІэ кьыхагъэхьэхэм папщІэ Іэ яІэтащ. Апхуэдэу КЪБР-м и муниципальнэ щыналъэхэм я советым и правленэм и тхьэмадэм и къуэдзэу хахащ Май районым и Іэтащхьэм и къуэдзэ Березнев Сергей.

БОРЬКЪУЕЙ Анатолэ.

● Зэ1ущІэхэр

«Урысей зэкъуэтым» и проектхэр республикэм зэрыщагъэзэщІэр

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и проектхэр ди республикэм зэрыщагъэзэщІэм теухуауэ щытащ иджыблагъэ КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІа зэІущІэр. Абы кьрихьэлІат КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэхэу Бэлэтокъуэ Владимиррэ Ахъуэхъу Таймуразрэ, «Урысей зэкъуэт» партым и щыналъэ къудамэм и секретарь АфэщІагъуэ Михаил, муниципальнэ районхэм я Іэтащхьэхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІУЩІЭР Іуэху гуапэкІэ къыхэзІуахащ. «Урысей зэкъуэтым» зегъэужьыным хуиІа хэлъхьэныгъэ иным папщІэ партым и Совет Нэхъыщхьэм кьыбгъэдэкІ фІыщІэ тхьалъ ираташ щыналъэ къудамэм и политсоветым хэт, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къэрал чэнджэщэгъу Бозий Натбий.

«Кьалэхэр зэІуэзэпэщ щыныр» проектыр гъэзэщІа хъунымкІэ я министерствэм и пщэ кьыдэхуэ кьалэнхэр зэрагъэзэщІам тепсэлъыхьащ. КЪБР-м ухуэныгъэмкІэ, ЖКХ-мрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Къунькъ Вячеслав.

Проектым и кьалэн нэхъыщхьэр кьалэм и теплъэкІи ухуэныгъэкІи къызыхуэтынщэу, зэманым декІуу зегъэужьыныр. 2021 гъэ пщІондэ ягъэзэщІыну яубзыху Іуэхугъуэхэм кьалэдэсхэри кьыхьихьэу, ар зэрырагъэфІэкІуэну къыхалъхьа Іэмалхэмкіэ Іэ яІэт хъунущ. Проектым и Іэжьыгъэр зэзэгъэуІур УФ-м Ухуэныгъэмкіэ и министерствэрщ. Ди республикэм щыщу а Іуэхум хэтыр Налшык кьалэ округымрэ КЪБР-м ЖКХ-мрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ министерствэмрэщ. А проектымкІэ ящІэн хуейуэ яубзыхуа псори кьанэ щымыІэу зэфІагъэкІащ. 2017 гъэм абы трагъэкІуэдэну хухаха сом мелуани 192-м щыщу сом мелуани 173-р федеральнэ бюджетым и мылъкущ, адрейр республикэм хилъхьэнущ.

Зэ1ущІэм къызэрыщагъэльагъуамкІэ, цыху зэхуэсыпІэхэрщ, зыгъэпсэхуПІэхэрщ, кьалэдэсхэр нэхъыбэу здэкІуэ щыпІэхэращ гупІыгъэ зыхуащІынур. Апхуэдэуи проектым ипкъ итКІэ фэтэр куэду зэхэт уиэ зыбжанэм я пщІантІэхэри ирагъэфІэкІуэнущ. А Іуэхум кьалэдэсхэм я епІыкІэри кьыщащІыгъэнущ.

«Щыналъэм щэнхабзэмкІэ и унэ» проектым теухуауэ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин жиІащ «Урысей зэкъуэтым» и фІыгъэкІэ 2017 гъэм а унэтІыныгъэм трагъэкІуэдэну сом мелуани 150-м щИгъу зэрыхухахар. А ахъщэмкІэ Жанхъуэтекъуэ, Ерокъуэ, Псыгуэнсу, Чыщбалъкъ, Краснасельское, Хьэмидей, Хъущтэ-Сырт, Зэрэгъыж, Лашкіытіэ, Колдрасинскэ кьуажэхэм щэнхабзэмкІэ унэхэр дащІыхьынущ. А программэ дыдэм хэту республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм сом мин 900 кьыхуаутІыпщащ. Абыкіэ сабий гъуэджджэмкІэ школ 13-м сом мин 202-рэ и уасэ музыкэ Іэмэпсымэхэр кьыхуащэхунущ, сом мин 245-р республикэм ит библиотекэ 13-м тхьылъ уасэу хухахынущ, сом мин 400-р муниципальнэ щыналъэхэм щыІэ щэнхабзэмкІэ унэхэм щыщу нэхъыбІи 4-м иратынущ. Сом мини 150-р кьуажэхэм дэт щэнхабзэмкІэ унэхэм ящыщу нэхъыфІу лажьишыр хуагъэфащэнущ. Къумахуэм зэрыжиІамкІэ, проектыр и пІалъэм ягъэзащІэ, илъэсым и кІэм нэсыу щэнхабзэмкІэ унэхэр нагъэсу кьыззэІуахьи мурад яІэщ. Мы зэманкІэ ахэр зытетыну щІыр кьыхахащ, ухуэныгъэм епха дэфтэрхэр ягъэхьэзыращ.

КъыкІэлъыкІуэу Къумахуэ Мухьэдин тепсэлъыхьащ «Муниципальнэ щыналъэм щэнхабзэмкІэ я унэхэр» проектым. Ильэсым и пэщІадзэм а Іуэхум трагъэкІуэдэну сом мелуани 6,7-рэ хухахащ. Субсидиехэр зратыну щэнхабзэмкІэ унэхэр зэпеуэкІэ кьыхахащ.

«ЦІыхухэм я зыгъэпсэхупІэхэр зэІуэпэщ щыІн» проектым ипкъ итКІэ Бахьсэн, Тэрч, Прохладнэ, Тырныауз кьалэ округхэм я зыгъэпсэхупІэ хадэхэр зыхуэй хуэзэу зэрахьэнущ. Псори зэхэту а проектым мы гъэм сом мелуанибгъум щІигъу трагъэкІуэдэнущ.

Зэ1ущІэм и кІэухым Бозий Натбий проектхэмкІэ жэуапІныныгъэ зыхь дэтэхэри еужьэрэкІыну, и зэманым Іуэхур зэфІагъэкІыну кьыхуриджащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Урысейм и Правительствэм и унафэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуани 142-м нэблагъэ кьыхуаутІыпщ гъэзэгъэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ

«Транспортым и Іэнатіэм зегъэужьныр» къэрал программэм хыубыдэу Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым 2017 гъэм федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу сом мелуани 142-рэ кьыхуаутІыпщынущ. Бюджет зэхуаку трансфертыр зытеухуар гъэзэгу хозяйствэм зегъэужьныжьмкІэ щыналъэ программэмэхэм хиубыдэ Іуэхуэхэр зэфІэгъэкІныжьщ, псоми кьагъэсэбэп автомобиль гъэгуэхэм я щытыкІэр ягъэува мардэхэм езэгъыу егъэфІэкІуэныжьщ. Ахъшэр зыгъагъэкІуэдэнуэхэм жеубыдэ муниципалитетхэр, жылагъуэхэр зэпызыщІэ гъэзэгуэхэри.

ХъыбарегъащІэ агентствэхэм кьатахэм япкъ итКІэ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ зэІущІэшхуэм и официальнэ лыкІуэ гупым хэту Страсбург щекІуэкІа Европэ Советым ЩІыпІэ, щыналъэ властхэмкІэ и конгрессым (КМРВСЕ) и 32-нэ сессием щыІащ. Ар ЩІыналъэхэм я палатэм, европей лъэпкъ партымрэ Іуэхуэхьэ комитетымрэ хэтщ.

- ЗытекІухьам, зэІущІэшхуэм кьрикІуаэхэм тедгъэпсэлъыхьыну республикэм и хабзэбзыкъу Іуэхущ1апІэм и спикерым дэ упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ.

- Ди псалъэмакъым и пэублэгъ, сессием нэхъыщхьэу къыщыхалъхьаэм я гугъу уэдгъэщІынут.

- Псом япэу кьыхэзгъэщынщи, Конгрессыр кІэлъплъакІуэ, аналитикэ, ухуэнгъэзэ, щыгъыкІэр щыІэпкърах икІи щызэчэнджэщ органщ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ щыпІэ самоуправленэм зегъэужьныныр, щыналъэ, муниципалнэ демократием я институтхэр европей кьэралхэм щыгъэбыдэныр. Ахэр кьызэрагъэпэщу, щыпІэ самоуправленэм и Европей хартиер зэрагъэзащІэр кьапщытэ, Европэ Советым хэт кьэралхэм муниципальнэ, щыналъэ эхъныгъэхэр зэрыщекІуэкІым кІэлъоплъ, зыхуэфащэ кьэрал зэхуаку зэгурыІуэныгъэхэр ягъэхьэзыр.

32-нэ сессием нэхъыщхьэу зыщытепсэлъыхьахэм ящыщщ Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхур Европэм щызэфІэхъуным, къэІэпхъуэхэр гъащІэм хэзгъэжьнымкІэ щыпІэ, щыналъэ властхэм кьапэщыт кьалэнхэм, апхуэдэу щыпІэ, щыналъэ демократием зегъэужьныныр кьэрал зэхуаку зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэныр этеухуахэр.

Дапщэщи хуэдэу, Урысейм и лЫкІуэхэр Конгрессым и лэжьыгъэм жыдэжру хэтащ, планар зэІущІэхэм, комитетхэм, политик гупхэм я зэхуэсхэм кьыщыІэт упщІэ нэхъ гугъуэхэр зэпкърахащ.

Европэм и Советым Украинэм щызэфІих лэжьыгъэр зыхуэдэми тепсэлъыхьахащ. Конституцэ реформэ ирагъэкІуэкІын, щыпІэхэм хуитныгъэ нэхъыбэ иратын, Минск зэгурыІуэныгъэм щыубзыхуахэр ягъэзэщІэн зэрыхуэйм екъэлІауэ Европэ Советым и органхэм кьыхальхьэ жэрдэмхэр а кьэралым и властым кьрагъэпытэн папщІэ, Европсоюзым хузэфІэкІынухэр зэпалъытащ. Эстонием и нобэрей щытыкІэр щызэпкърахым, урысей делегацэм щыщхэм сессием хэтхэм гу лърагъэтащ «нэгъуэщІ кьэрал цІыхухэр» зыфІащащэу зэпымыууэ абы щыпсоухэм я хуитныгъэхэр кьызэрызэпаудым.

Зэ1ущІэм дыщедэІуащ Финляндиемрэ, Исландиемрэ, Эстониемрэ Мальтэмрэ щыпІэ, щыналъэ демократиер зыщыхуэдэм, Босниемрэ Герцеговинэмрэ щекІуэкІ хэхьиныгъэхэм зэрыкІэлъыплъым ятеухуа докладэ зыбжанэ.

Іэпхъуэшапхъуэ политикэ Іуэхуэхэм сессием зыубгъуауэ щытепсэлъыхьащ. Кьапщтэмэ, щапІэ ихьэжахэм хабзэкІэ я статусым Европэ Советым хыхьэ кьэралхэм я законодательствэм зэгурыІуэныгъэм щытетын зэрыхуэйр кьыхагъэщащ.

ФРГ-м Европэ Советым зэпымыууэ щиІэ и хэщІапІэм урыс-нэмыцэ делегацэхэр зэрыщызэхуэзар Іуэхушхуэу кьызолъытэ. Германием и лЫкІуэхэм я жэрдэмкІэ ирагъэкІуэкІа я зэІущІэныгъэхэр егъэфІэкІуэныжьмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм. Кьрымыр Урысейм кьызэрыхьыхьэж льандэрэ апхуэдэ лъэныкъуитІ зэІущІэ ящэу щрагъэкІуэкІар иджыщ.

Урысеймрэ Европэ Советымрэ социальнэ политикэм, спортым я Іэнатіэхэм щызэдэлэжьэным, цыхубзкэмрэ сабийхэмрэ я хуитныгъэхэр хьумэныжьмкІэ Европэ Советым и Конвенцэм хыхьэным пыщІа Іуэхугъуэхэри зэпкърахащ. Абы теухуа тхьылъхэр кьызэращтэнум Урысейм зыхуегъэхьэзыр. Псалъэм папщІэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщым 2017 - 2022 гъэхэм ятещІыхьа Лъэпкъ стратегием Іэ щІидзащ. Ар щыхубзэкІи я сэбэп зыхэлъхэм хуэгъэпсащ. КьищыкнэмыщІауэ, Конгрессым хэтхэр щІалэгъуалэм я лЫкІуэхэми яхуэзащ.

- Мы къэрал зэхуаку зэІущІэшхуэм иджы етІуанэу уэхтщ. Япэрей сессием ар сыткІэ кьыщхьэщыкІыу пхужьыІэну, Татьянэ?

- Зэхьихьэ кІуам Европэм и делегацэхэр зэпымыууэ Урысейм къыщытехьэщІыхьажьэ, иджы апхуэдэкъым. Ар куэд и уасэщ. Мы-гъэрейр нэхъ гуапэу, нэхъ къытхузэІухауэ екІуэкІащ. Урысейм къадэлажьэмэ зэрынэхъ фейдэр къагурыІуэу хуежьагъэнущ, икІи, шэч хэмылъу, ди зэпыщІэныгъэхэмрэ зэрылъытныгъэмрэ езыгъэфІэкІуэну хуейхэр мащІэкъым.

Конгрессым и лэжьыгъэм и гугъу тщІымэ, псори зытетыпхъэ регламент тКІий зэІущІэхэм щагъэуват. Нэхъапэм къэпсалъэм дакъикъищ ирату щытамэ, зи Іуэху епльыкІэхэр къэзыІуэтэну хуейхэр зэрыкуэдым кьыхэкІыу, иджы хуэдизкъэ тІыщ.

Я ущІыпІэ щагъуэтыжкІи папщІэ, щыпсэу щыпІэхэмрэ щыналъэхэмрэ щІалэгъуалэм даззрыщыдэлажьэм, щІалэгъуалэ политикэм я мыхьэнэм теухуауэ сыкъэпсэлъэн хуейт, ауэ, си жагъуэ зэрыхъущи, чэзур кьыслъымысу зэхьихьэр иухащ.

- Зэ1ущІэхэм пымыщІа нэгъуэщІ Іуэхугъуэ гуэрхэр Конгрессым и лэжьыгъэм хэта?

- Хэтащ. Къэрэшей-Шэрджэсым и презентацэ Конгрессым щагъэлъэгъуащ. Республикэм и промышленнэ, и мэкъумэш Іэнатіэхэм ятеухуа экспозициэ яІэужьхьэзыращ, апхуэдэу ныздаша артистхэм концерт купщІафІэ ятащ.

Европэ къэралхэм я делегацэхэм Урысейм и адрей щыналъэхэм я псэукІэми дихьэхыу зыхагъэгъуэзащ. Зэ1ущІэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сащыхутепсэлъыхьащ, экономикэм и лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыдиІэ ехьулІэныгъэхэр, ди лъахэр зэрытельыджэр, ди турист комплексым иефІэкІныгъэхэр яхуэсІуэтащ. Апхуэдизу гъэщІэгъуэн ящыхьуащи, зэ нэхъ мыхъуми кьэкІуэну зигу езыльтхьахэр мащІэкъым.

Европэпсо ассамблеем щыІа Урысей делегацэм и унафэщІ, Владимир областым и губернатор Орловэ Светланэ кьыззэрильытэмкІэ, Урысейм и щыналъэхэм я зэфІэкІыр Европэ унэм зэрыщагъэлъагъуэм кьэралым и сэбэп хэлъщ.

Кьэрал 47-рэ зыхэт Европэ Советым ЩІыпІэ, щыналъэ властхэмкІэ и конгрессыр псалъэмакъ щхьэпэхэр щрагъэкІуэкІ, европей щыналъэхэмрэ кьалэхэмрэ я унафэщІхэм я зэфІэкІхэмкІэ щадэгуашэ мыхьэнэшхуэ зиІэ хэщІапІэу зэрыщытым щэч хэлъкъым.

- Нэгъабэ Страсбург уэзрыщыІам и гугъу щыпщІым Европарламентым и унэм и гупэм щагъэува «Европэм игу» скульптурэр плъагъуну уэзрыхуейр кьыхэбгъэщауэ щытащ...

- Лэжьыгъэр щэщІауэ екІуэкІами, Европэ зэгухэныгъэм официальнэ дамыгъэу (символикэ) кьэщта, метр пщыкІутІ зи лъагагъ «Европэм игу» скульптурэм сеплъыфащ. Зи цІэр тхыдэм хыхьа шэрджэс бзылъхугъэ гъуэзэджэ, франджы къэфакІуэ икІи актрисэ цІэрыІуэ Черинэ Людмилэ и проектІэ ящІа, ипэжьпІэкІэ гу абрагъуэм ещхь скульптурэр хуабжьу гукъинэж сщыхъуащ.

- Ди упщІэжэм жэуап къызэрептам папщІэ фІыщІэ пхудощІ.

Епсэльар

МУРАТ Даринэщ.

● Ди псэлъэгъуэр

Егоровэ Татьянэ: Европэм и Советым ЩІыпІэ, щІыналъэ властхэмкІэ и конгрессыр псалъэмакъ щхьэпэхэр щрагъэкІуэкІ, я зэфІэкІхэмкІэ щызэхъуажэ хэщІапІэщ

ЛъагапІэщІэхэр я плъапІэщ

Осетие Ищхъэрэ - Аланием щекІуэкІащ щІалэгъуалэ къэфакІуэ гупхэм я фестивал, «Къафэм и дуней» зыфІащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым кьыбгъэдэкІыу абы хэтащ. Нарткъалэ сабий творчествэмкІэ и унэм и «Дыгъэ шыр» ансамблыр. Мыбы хэт цІыкІухэм «Ислъэмей», «Уджэ-хэш» кьафэхэр дахащу ягъэзэщІащ икІи фестивалым и саугъэт нэхъыщхьэр кьыхуагъэфэщащ.

ХьэхъупащІэ Заур зи унафэщІ кьэфакІуэ гупыр кьызэрыунэхурэ ильэситІ ирикъуэ кьудейщ. А зэманым кьридыбыдэу абыхэм екъулІэныгъэ яІэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Сочэ, Ставрополь, Ростов, Налшык щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм.

Кавказ Ищхъэрэм кьинэмыщІауэ, Урысейм и адрей щыналъэхэмкІ кьикІауэ ансамбль 70-м нэс зыхэта фестивальм и «Гран-при»-р зыхуагъэфащэ «Дыгъэ шырыр» дяпэкІи хущІэхьунущ лъэпкъхэм я зэныбжьыгъэгупэмрэ зэкъуэтныгъэмрэ езыгъэфІакІуэ мыпхуэдэ зэхьихьэм я утыкур игъэбжьыфІэну.

ШЭРДЖ Дисэ.

Пэкіум фрагъэблагъэ

2017 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м Санкт-Петербург террористхэм щызэхащІыхьа щІэпхъаджагъэм зэрыризгуэпар, лей зытехьахэм я телъхьэу зэрыщытыр кьагъэлъэгъуэныжьмкІэ Іэмалхэр кьыхуэзгъэпэщыну щІэлъэІуу щІыхуу кьэдым зэрызыкьыхуагъаззм кьыхэкІыу, Налшык кьалэ округым и щІыналъэ администрацэм республикэм щыпсэухэр кьрегъэблагъэ «Питер, уэ дыпщІыгъущ!» терроризмэм и бий пэкІум хэтыну. Ар 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м сыхьэт 12.00-м Налшык кьалэм дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуанІэм и гупэм деж щызэхьихьэнущ.

☆ Ди къуэш республикэхэм

Узыншагъэм гулъытэ хуащІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Узыншагъэм и дунейпсо махуэр республикэм щагъэлъэпІащ.***

УЗЫНШАГЪЭР хъумэныжьмкІэ министерствэм кьызэригъэпэща Іуэхугъуэхэр ирагъэкІуэкІ КЪШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид 2017 гъэм къыхилъха «Узыншагъэм и илъэс» жэрдэмым ипкъ итКІэ.

Утым щызэхуэсахэм псалъэ гуапэхэмкІэ зыхуагъэзащ КЪШР-м узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министр Шаманов Казим, туризмэмкІэ, курортхэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ министр Ерчэн Анзор, КъШР-м и Парламентым, физкультурэмрэ спортымкІэ, узыншагъэр хъумэныжьмкІэ министерствэм я лэжьакІуэхэм, щыналъэм и спортсмен цІэрыІуэхэм.

Іуэхум пащэу, нобэ республикэм и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм щыкІуэ ирагъэблагъэ я узыншагъэр кьапщытэну.

«Нартхэм я хъугъуэфІыгъуэ»

Мэлыжьыхь мазэм Къэрэшей-Шэрджэсым щекІуэкІынущ зи чэзу «Нартхэм я хъугъуэфІыгъуэ» дунейпсо сабий-ныбжьыщІэ этноартфестивалым хэтынухэр кьыщыхахыну зэпеуэхэр.

ЧЕРКЕССК дэт сабий художественнэ школым щекІуэкІыну я зэхьэзэхуэм кьыщыхахынущ сабийхэм я ІэдакъэщІэкІ нэхъыфІхэр. Мы Іуэхур къезыхьэжьаху я мурадщ щІэблэм я художественнэ гупсысэкІэм зрагъэужьыну, льэпкъ щэнхабзэм и тхьдэм нэхъри драгъэхьэныну, Кавказ Ищхъэрэм и еджапІэхэр щэнхабзэ ІуэхуэхэмкІэ зэпащІыну.

Щэнхабзэм и лэжьакІуэ нэхъыфІ

АДЫГЕЙ. ***Ханск станицэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм нобэ щокІуэкІ «Щэнхабзэм и лэжьакІуэ нэхъыфІ-2017» щыналъэ зэпеуэ. Абы хэтынущ районхэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм щытекІуэхэр.***

«ЩЭНХАБЗЭМ и лэжьакІуэ нэхъыфІ-2017» зэхьэзэхуэр идогъэкІуэкІ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм я пщІэр къэтІэтын, щІалэгъуалэр а Іэщ1агъэм дедгъэхьэзын, Адыгэ Республикэм щэнхабзэм зыщегъэужьыным зи зэфІэкІ хэзылъхьэхэм гупльэтэхуэщІ, дадэІэпыкъун мурадкІэ, - къет АР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм.

Мэжджытыщ1э

Республикэм и Гавердовскэ къуажэм мэжджытыщІэ щаухуэ. Ар кьызэІуахыну я мурадщ Къурмэн махуэшхуэр щагъэлъэпІэну фокІадэ мазэм.

ЧЫРБЫШ плъыжьым кьыхащІыкІ унэ екІум диныр зыІыгъ цІыху 500-м нэблагъэ щІэхуэну. Мэжджытыр яуху псапащІэхэм зэхуахьэса ахъшэкІэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● ДнФІ догъэхъапІэ

ПАЩТЫ Борис: Сыхуейщ си бынхэм гъуазэ сахуэхъуну

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьынымрэ цІыхубэ хъыбарегъащіэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ Пащты Борис и ныбжьыр нобэ илъэс 60 ирокъу.

Ар Къэпэкъуэкъуэ Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ. 1979 гъэм КъБКъУ-р инженер-механик, 2002 гъэм Москва дэт Индустриальнэ университетыр юрист Іэщіагъэхэр иІэу къиухащ, ауэ абыхэм иримылажьэу, комсомол Іуэхум зритащ икІи аращ и кІэлыпкъуэ щытар КъБР-м и Парламентым и депутату хахыхукІэ. 2005 - 2007 гъэхэм ар лэжьащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ, спортымкІэ, туризмэмрэ хъыбарегъащіэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІу. 2009 - 2011 гъэхэм КъБР-м щІалэгъуалэ Іуэхухэмрэ жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министру щытащ.

Сыт хуэдэ Іэнатіэ зэрымытами, иригъэфІакІуэу зэрылэжьам, жэуапльныгъэшхэр зэрыхэльым папщІэ Пащты Борис мызэ-мытІэу ягъэпэжащ. Абы КъБР-м и ЩІыхь тхыль, КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхыль къратащ, УФ-м Спортымкіэ, туризмэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министерствэм и дамыгъэхІэ ягъэлэпІащ, УФ-м ЩІалэгъуалэ политикэр убзыхуныкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ. Унагъуэщ, бынитху иІэщ.

...ГъащІэ гъэгуанэр гъэщІэгъэнщ: Борис игу иІыхьхэтэкъым политикэ Іуэху зэрихуэну, ауэ спортымрэ театрымрэ дихьэха щІалэм и гъащІэр зэрымыщІэкІэ якъекІэрэхъэкІащ.

- Борис, уэ узыхуеджар техническэ Іэщіагъэщ. Политикэмрэ абырэ, зэрыжаІэу, шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Дауэ ухуэкІуа политикэ парт къулыкъущІэ Іэнатіэхэм?

- Пэжщ, сэ трактороз, комбайнхэр, кІынэмыщІ машинэшхуэхэр зэрыгэпкърыпІымрэ абыхэм я лэжьэкІэмрэ щыхурагъаджэ къудамэщ къэзухар. Ауэ абы зэрымыщІэкІэ сыщІэтІысхьауэ жыпІэ хуэмыдэщ къэзухар. Ар сымыдэу къэзгъэзэжри, КъБКъУ-м сыщІэтІысхьащ. Къыхуэльтатэ зехуэным кІыщынэмыщІауэ, спортым си гур етІри, бзэнкІэ хуитым, бокСым щыхуагъаесэ секцэхэм сыкІуэн иІэздзащ. А псом кІыдэкІуэу, си ныбжьэгъу щІалэхэм я гъусэу студпрофкомыр кІуапІэ схуэхъуащ. Сыщыхьэрейт, ауэ си Іуэху яхэслъхьэртэкъым, садэлэжьэнри сегупсысхэрэтэкъым. Махуэ гурэым студпрофкомым Іуэху ин гуэр кІрахьэжьауэ, щІыху яхурикъуртэкъыми, «Уэ мыр пщІэнущ», - жаІэри, зыри къызэмыупщІыхэху зыгуэр пщэрылъ къысщащІащ. Арати, кІалэн къысхуащІыр сфІэфІу згъэзащІэуэрэ, жылагъуэ Іуэхухэм сыкъыхьащ. Абы щегъэжьауэ нобэр къызДэсым си гъащІэр жылагъуэ Іуэхухэм, политикэм ехпэуэ сыкъэкІуэкІ.

- Борис, уэ илъэс бжыгъэкІэ щІалэгъуалэм уадэлэжьащ, куэдым гу лъытпатагъэнщ. Дауэ уеплъэр, нобэрей дэ щІалэгъуалэр сыт хуэдэ?

- Сэ быдэу си фІэщ хъур зыщ - щІалэгъуалэр тэмэм хъунрэ мыхъунрэ зэпытар нэхъыжьхэращ. ЩІэблэр дэ зэрыдгъасэм хуэдэущ зэрыпсэунур, дэ ябгъэдэтпІхъэращ къащтэнур, дэ едгъэлъагъуращ ящІэжынур. Адэ-анэхэмрэ бынхэмрэ щыІэзгурымыІуэр зи ягъэри нэхъыжьхэращ. Апхуэдэм деж нэхъыжьым игу къигъэкІыжькІ хуейщ езым и щІалэгъуар, зыщІэхъуэпсар, зэрыщытар, игу кІеуар, игу фІы зыщІар. Сэ си ныбжьым кІриубыдэу лІакъуэ зыбжанэ слъэгъуащ. Сызыхуибда лъэхъэнэр кІапщтэмэ, ди адэанэхэр зауэ нэужым гугъу ехьат, фІым щІэхъуэпсырт, псэукІэр едгъэфІэкІуэну къэралыр дэ къыштыгугъыртри, щІэныгъэфІ кІыдбгъэдалъхьащ. Сэ сызыхуеджам нобэ куэд щІэнэкІэнущ, ауэ абы щыгъуэ а Іэщіагъэм щІэупщІэ иІэт, пщІэ къыштхуащІырт, дыщІалэмри; фІыуэ драгъаджэрт, практикэ дагъакІуэрт, къыдзэгугъурт, лэжьапІэфІ къыштхуагъэзытжырт. Ди жэрдэмыр щыдаІыгъуэу, улахуэфІ кІыдату, ехъулІэныгъэфІ къэдгъэлъэгуамэ, кІыштыхъуу дыкъэкІуэкІащ. Ди уэрэкІэ Совет Союзым и лъэпэжьгъуэ лъэхъэнэм хальхуэ щІалэгъуалэм я чэзури, еджэнуи, лэжьэнуи, зауэныуи Іэмал ямыІэу зыхъуащ. Мис абыхэм къатепщІыкІыжа щІалэгъуалэщ иджыпсту щыІэхэр. Абыхэм Іэмал яІэщ сыт хуэдэ щІэныгъи лэжьыгъи зыІэрагъэхьэфыну. Нобэрей ди щІалэгъуалэм дэ яхуэтщІэфынур зыщ: цІыхУ хуэдэ цІыхуу, ей зэрамыхьэу, хабзэм тету дгъэсэну ди кьаленщ. Адрей псори езыхэм зыІэрагъэхьэжьфынущ.

- Уи бынхэм сыт хуэдэ Іэщіагъэ къыхахар?

- Фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, хьыджэбзищрэ щІалитІрэ диІэщи, пщащІэ нэхъыжьитІыр балигъщ, мыдрейхэр иджыри школакІуэщ. Нэхъыжь Сабинэ КъБКъУ-м и педколледжыр диплом плъыжькІэ кІыхъри, психологиер иджыну Владикавказ еджапІэ нэхъыщхьэ щыщІэтІысхьэжащ, дефектолог Іэщіагъэм хуоджэ. Заринэ дизайнымкІэ колледжыр кІыихащ. Ар щэнхабзэ Іуэхухэм зэрыщІыкІуэр дахьэх. Илъэс 13-м иту зы дакъикъэ фІэкІа ныкъу фильм зэрыщІ трилер, урысейпсо зэпеуэм япэ щыпІэр кІыщихьауэ щытащ. И лжьыгъэр интернетым иралъхьати, Голландием гу къыщылъатэри, къэпсэлъащ, и щІэныгъэм а къэралым щыхигъэхьэну ирагъэблагъэ.

- Уэ езыр творчествэм дауэ ухущыт?

- Иджыпсту творчествэм пэІэщІэ сихъуами, университетым сыщыщІэсам сыхэтащ Нало Аскэр, Іусейн Олег псмэ щыджэгуа спектаклхэм.

- НобэкІэ сыт уи джкІэ нэхъыщхьэу къэплъытэр?

- ЖылагъуэІэнатІэ езыхьэкІ цІыхум и унагъуэм щхьэкІэ зэман щыхуримыкъу кІохъу. Сэ сольагъу си бынхэр кІыхьэрысхуэныкъуэр. Хъыджэбз цІыкІухэр я анэм кІэщІэсми, щІалэхэр къыдокІуэтей, ахэр си гупытэ хуейщ. Зэпсэльэн щыщІэддзам сытыт жысІар? ЩІалэгъуалэр дэ дымыгъасэмэ, дымыущиймэ, дымыунэтІмэ, кІуэдынущ. Сыеркыщу, сытКІийуэ, сыгумызагъэу сыщытащ сытым дежи. Ауэ си адэр зэи къыспэрыуакъым. Іуэху гуэрым яужь сызэрихьэр къэбгъэщІамэ: «Уегупсысэ? Укъитэгугъэрэ?» - жиІа мыхъумэ, си мурад къызэпиудакъым. Абы щхьэкІэ си адэм фІыщІэ хузощІ. Ар си щапхъэу зэрыщытам хуэдэу, сэри сыхуейт си бынхэм іуэхэ сахуэхъуну. Мис ар си екъулІэныгъэ нэхъыщхьэу къэслъытэнут.

КъБР-м и Парламентым и депутат Пащты Борис Сирием къикІыжа адыгэхэм унэ къратыныкІэ лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ, ялэ адыгэ дунейпсо фестивальмІ Іуэху хуэдэу зэфІигъэкІ. Іуэху хуэдэ дахэм уригушхуэу илъэс кІуэдкІэ утсэуну ди гуапэщ!

Епсэльар
ФЫРЭ Анфисэщ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Жэуапым ирашэлІэну хуагъэув

Прохладнэ щІыналъэм щыщ Черниговскэ къуажэм и щІыпІэ администрацэм коррупцэм пэщІэтыныкІэ законодательствэр зэрыщыгъэзащІэр районым и прокуратурэм къыпщытащ.

КъЫЗЭРАХУТАМКІЭ, я гъунапкъэм хуэзэ мэкъумэш щІалІэхэм ящыщу щІы Іыхьэ 8-м ятеухуа зэгурыІуныгъэхэр ярищІыкІэну хуит зыщІ аукцион нэгъабэ жэпуэгъуэм и 11-м къыщыщІэдзауэ дыгъэгъазэм и 23 пщІондэ Черниговскэ къуажэ администрацэм и комиссэм иригъэкІуэкІащ. Аукцион комиссэм хэтащ зэпеуэм хьыхьакъэм ящыщ зым и къуэщІыпІэ администрацэм и бухгалтер нэхъыщхьэр. Абы щыгъуазэ пэтми, Черниговскэ къуажэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм псалъэмакъ къызэрыкІ щыуагъэр игъэзэкІуэжакъым.

Іуэхур зэхьэлІам и къалэнщ зэдауэ къымыгъэхъуну, зэпщІэуэ-зэныкъуэхуэр зэтес ищІыну. 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м къащта Федеральнэ закон №273-ФЗ-м и 11-нэ статьям и 6-нэ Іыхьэм зэрыщыбзыхуамкІэ, ар зымыгъэзащІэм хабзэр къызэпеуд икІи Урысей Федерацэм и законодательствэм къызэрегъэувым тету, и Іэнатіэм Іуагъэкі.

Къэпщытэныгъэм кърикІуам ипкъ иткІэ, Черниговскэ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ советымрэ тхылькІэ хуагъэуващ зи гугъу тщІы ныкъуасанытэр зи зэранхэр жэуапым ирашэлІэну.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Узынщагъэ быдэ уиІэну

Урысейм и цІыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэр симфоние оркестрым и дирижёр нэхъыщхьэ Темыркъан Б. Хь. деж

Пщіэ зыхуэсщІ Борис Хьэту и къуэ!

Юбилеймкіэ си гуапэу сынохъуэхъу!

Уэ, зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ музыкантым, уи творчествэр Хэкум и щэнхабзэм хуэлэжьэныкмкІэ щапхъэ гуэррэзджащ. Дирижёр Іэзэр, композитор Іуэрэзджэр илъэсипщІ бжыгъэ хъуауэ уриунафэщІщ икІи уридирижёр нэхъыщхьэщ Кавказ Ищхъэрэм и гуп нэхъ лъэщхэм ящыщ зыуэ щыт икІи музыкэр фІыуэ зыльагъуэхэм нэхъ къалытэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым. Лъэпкъ музыкальнэ щэнхабзэр хъумэныкІэ, хэщІыщІыныкІэ, абы зегъэужьыныкІэ уэ зэфІэбгъэкІар къыпхуэмылъытэным хуэдизщ.

Музыкэм кІэухыншэу хуэпэжу узэрыщытым къыхэкІыу, уи дирижёрым и Іэщіагъэм ухуэІэзэщ, композитор инхэм я тхыгъэхэм я дахагъэмрэ кууагъымрэ нэгъэсауэ зыхьибощІэ икІи ар цІыхухэм я нэгу щІыбогъэкІыф. Апхуэдэу къэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ артист нэсу узэрыщытыр, зэхэщІыкІ зэрыббгъэдэлъыр.

Борис Хьэту и къуэ, мы махуэ гъуэзэджэм сынохъуэхъу узыншагъэ быдэ, насып, ефІэкІуэныгъэ уиІэну.

Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ и министр
МЕДИНСКИЙ Владимир.

Иджыри илъэс куэдкІэ дыбгъэгуфІэну

Урысей Федерацэм и цІыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоним и симфоние оркестрым и дирижёр нэхъыщхьэ Темыркъан Б. Хь. деж

Пщіэ зыхуэсщІ Борис Хьэту и къуэ!

Уи илъэс 80 юбилеймкІэ си гуапэу сынохъуэхъу!

Уэ урысей, лъэпкъ щэнхабзэм и лэжьакІуэ нэхъ наІуэхэм, зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ композиторхэм, дирижёрхэм ящыщщ!

Уи зэфІэкІым и фІыщІэкІэ цІыхухэм нэгъэсауэ зыхащІэ композитор инхэм я Іэдакъэщіэкіэхэр.

Музыкэм узэрыкъуэпэжым и дамыгъэщ къэралым и дамыгъэ лъапІэхэр, ауэ уэ къэблагъэ наградэ псоми я нэхъыщхьэщ уи зэчийр къызыгурыІуэхэм къыпхуаІэ лъагъуныгъэр.

ФІыщІэ ин пхузощІ Кавказ Ищхъэрэм и щэнхабзэмрэ музыкэ гъуазджэмрэ зегъэужьыныр хуэзгъэзауэ зэфІэбгъэкІа лэжьыгъэшхуэм пащІэ.

Шэч хэлъкъым уи дирижёр зэфІэкІымрэ макъэамэщІэхэмкІэ иджыри илъэс куэдкІэ дызэрыбгъэгуфІэнум!

Сигуми си псэми къыбгъэдэкІыу уэри, уи Іыхьлыхэми сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, гъащІэ кІыхь, насыпрэ ефІэкІуэныгъэрэ фиІэну!

Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхущхэмкіэ и министрым и къалэнкэр зыгъэзащІэ
БАЙСУЛТАНОВ Одес.

Щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэным хуэлажьэ

Урысейм и цІыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Композиторхэм я союзым и тхьэмадэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоним и художественнэ унафэщІ икІи дирижёр нэхъыщхьэ Темыркъан Б. Хь. деж

Пщіэ зыхуэсщІ Борис Хьэту и къуэ!

Урысейм и Композиторхэм я союзым и цІыкІэ, си щхьэкІэ сэ къызбгъэдэкІыу уи юбилеймкІэ сынохъуэхъу!

Дэ дыщыгъуазэщ уэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ автору, къызэгъэпэщакІуэу узэрыщытым икІи ди гуапэу фІыщІэ пхудощІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ музыкэр хэІуцІыу щІыним, дяпэ ита щІэблэхэм къытхуагъэна щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэным хъаруушхуэ зэрепхьэлІэм папщІэ.

Композитору, дирижёру, музыкэмкІэ фестивалхэм я къызэгъэпэщакІуэу куэд зэрыблагъэм къегъэлъагъуэ уэ ущалъхуа щІыналъэр фІыуэ зэрыплъагъур икІи ар уи псэм зэрыхэлъыр. Уэ илъэс куэд лъандэрэ наІуэ къэпщІ зэпытщ уи Іэщіагъэм нэгъэсауэ узэрыуэпэжыр икІи макъамэ ящІэхэмкІэ щІыным и лъэныкъуэкІэ музыкант ныбжьыщІэхэм щалхъэ хьэлэмэт узэуохъу.

Борис Хьэту и къуэ, уи дирижёр Іэзагъымрэ музыкэмкІэ творчествэмрэ я ехъулІэныгъэхэмкІэ дяпэкІи дыбгъэгуфІэну дыпщогугъ! Си гуапэу сынохъуэхъу творческэ ехъулІэныгъэхэм, зэфІэкІ мыкІуэщІыж, тегушхуэныгъэ уиІэну. Си гуапэщ уэрэ уи Іыхьлыхэри фІыуэшІэну, насыпрэ ефІэкІуэныгъэрэ фиІэну.

КАЛИМУЛЛИН Рашид,
Урысейм и Композиторхэм я союзым и тхьэмадэ, Тэтэрстан Республикэм и Композиторхэм я союзым и тхьэмадэ.

● Пэкіу

«Питер, дэ дыпщІыгъущ!»

Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университым мэлыжьыхьым и 5-м щекІуэкІащ терроризм пэщІэтыным теухуа пэкІу. Ар зэхашат Санкт-Петербург и метрополитеным щалэжьа щІэпхъаджагъэр зэрамыдэр къагъэлъэгъуэн папщІэ. ЗэрытщІэщи, цІыху 14 зыхэкІуэда, 42-м фэбжь къызыхаха гузэвэгъуэшхуэщ ар.

ПэкІур къызэрагъэпэщащ КъБКъУ-м и щІалэгъуалэ организацэмрэ ди республикэм и жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэмрэ. ПэкІум хэтащ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ Іуэхухэмкіэ проректор Къумыкъу Іэуес, университетым и профсоюз организацэм и унафэщІ Кобзев Игорь, мы еджапІэм и къудамэкэм я унафэщІхэр, студентхэр.

КъБКъУ-м хабзэмкІэ, экономикэмрэ финансхэмкІэ и институтым и студент Къзэанш Мирланд пэкІур къыщыдзэІуихым къеджащ къэхъуа гуэзвэгъуэшхуэм теухуа уэсэм.

- Урысейм дыщІыгъуу, дэри нобэ дощыгъуэ. Дэ дызэхьэтщ, дэ дахуэгъэшынэнукъым террористхэм, - жиІащ КъБКъУ-м щІалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и управленэм и унафэщІ Лу Азэмэт. Пэкіум къыщыпсэльащ республикэм и щІалэгъуалэ Іуэхущапіэхэм я пашэхэр.

Пэкіу нэужым КъБКъУ-м и утым щекІуэкІащ Санкт-Петербург щыпсэуэхэм зэракъуэтыр къызэрагъэльагъуэ флешмоб. «Питер, дэ дыпщІыгъущ!» хештеным хэтащ къызэхуэса псори.

ДОЛ Иннэ,
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 8, щэбэт

♦Цыджанхэм я дунейпсо махуэщ. Цыджанхэм я дунейпсо Конгрессу 1971 гъэм Лондон щызэхэтам къыщащтащ абы теухуа унафэмрэ а лъэпкъым и гимныр и ныпымрэ.

♦УФ-мрэ Белоруссиемрэ я Дзэ комиссариатхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1766 гъэм мафІэсыр щагъэункІыфІкІэ къагъэсэбэп пкІэльей зэрыгъэжьыр къызэрагупсысам и патент дунейм щыяпэу США-м щатащ.

♦1918 гъэм пльыфищу зэгуэль Урысей бэракъыр зэрахъуэкІащ щэкІ плъыжь зэфэзэщым къыхэщІыкІа, зи къуапэм гІубжэ, уадэ, вагъуэ хэщІыха ныпкІэ.

♦1918 гъэм Сихьу Сэфарбий и усэхэр зэрыт тхьилъ къыдэкІащ.

♦1966 гъэм КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу **Брежнев Леонид** хахащ.

♦Азие Курытым щыщ къэрал къулыкъущІэ, дзэзешэ, Кавказым и тхыдэми лъэужьышэуэ къыхэзына **Тамерлан** къызэралъхуэ илъэс 681-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щыщ парт, совет лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Чэмокъуэ Аслъэндэкрий** къызэралъхуэрэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Дипломат, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгуэхэныгъэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа **Аннан Кофи** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тыкъуэ Къаплъэн** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Адыгеймрэ УФ-мрэ я цІыхубэ суэрэтыщІ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теучэж** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Футболист цІэрыІуэ, тренер Іэзэ, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, къэралым и чемпион, Совет Союзым и мызакъуэу, дунейм и щІыпІэ куэдми зи цІэр щыІуа **ЧиваДзе Александр** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан, жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьынымрэ щІыхьэ хъыбарегъащіэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Шэшэн МуІэед** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Урысей футболист цІэрыІуэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, ди къэралми дуней псоми я гъуэгухэтет нэхъыфІхэм хабжэ **Акинфеев Игорь** и ныбжьыр илъэс 31-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх къыщыкІынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 7 - 9 щыхьэнущ.

Мэлыжьыхьым и 9, тхьэмахуэ

♦Куржым и пхьэкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэщ. 1991 гъэм Куржым и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ я къэралыгъуэр зэфІэгъэувжыным теухуауэ.

♦1667 гъэм дунейм щыяпэу гъуазджэм и произведенэхэм я дунейпсо выкъэ Париж къыщыдэІухащ.

♦1699 гъэм Пётр Езанэм унафэ ищІащ «Москва и уэрамхэр къабзэу щытыным кІэлъыплъыныр ахэр къэзыуцІэпІхэм тезыр ятелъхьэнымрэ теухуауэ».

♦Совет актёр, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Сафонов Всеволод** къызэралъхуэрэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Франджы актёр цІэрыІуэ **Бельмондо Жан-Поль** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Къэрал къулыкъущІэ, УФ-м и Правительствэм и УнафэщІу щыта **Чернорыдин Виктор** къызэралъхуэрэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Аззмэт Лалушэ** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Литературовед, критик, къэрал лэжьакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Тхьэгъэзит Юрий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Тыркум щыщ Къайсэр вилайетым и губернатору щыта **Джамбулэт (Яхягуауэ) Нихьэт** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх тІэкІу къущюшынущ. Хуабэр мазэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 4 - 5 щыхьэнущ.

Мэлыжьыхьым и 10, блыщхьэ

♦Фашизмэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ. Илъэс хъэс мэлыжьыхьым и 10-м дунейм и щІыпІэ куэдым ягу къыщІагъэкІыж ЕтІуанэ дунейпсо зауэм и зэманым Ещанэ рейхым и дзэхэм яубыда къэралхэм исхэм ящыщу фашизмэм ебэнурэ хэкІуэдажэр.

♦1833 гъэм сеныч къыщІагъэкІыу щІадзащ.

♦1925 гъэм Царицын къалэм и цІэр Сталинград жиІэу зэрахъуэкІащ. 1961 гъэм абы Волгоград фІащащ.

♦1944 гъэм Одессэ къалэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІыгъэм къыщыдгъэкІыжащ.

♦1945 гъэм Иуан Хьэсэн Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр къыфІащащ.

♦1964 гъэм «КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ», «КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «КъБР-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ» цІэ іпапІэхэр ягъэуващ.

♦1981 гъэм Москва къыщызэІуахащ Космонавтикэм и музей.

♦2010 гъэм Смоленск деж къыщеухуэхащ Ту-154 кхъухьлатэр. Абы иса цІыху 96-р хэкІуэдащ, Польшэм и президент Качиньский Лехи яхэту.

♦Америкэм щыщ журналист, а Іэщіагъэм ирилажьэхэм я Іэдакъэщіэкі нэхъыфІхэм папщІэ ират саугъэтыр зыгъэзыуауэ щыта **Пулитцер Джозеф** къызэралъхуэрэ илъэси 170-рэ ирокъу.

♦Япэ адыгэ бзэщІэныгъэлІ **Іэщхьэмахуэ Даут** къызэралъхуэрэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубэ артист, дирижёр цІэрыІуэу щыта **Силантьев Юрий** къызэралъхуэрэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ цІэрыІуэ, УФ-ми СССР-ми я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Ахмадулинэ Беллэ** къызэралъхуэрэ илъэс 80 ирокъу.

♦СССР-м щІыхь зиІэ и энергетик, Урысейм и ЕЭС-м щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и энергетик **Хъэмыкъуэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр, режиссёр цІэрыІуэ **Сигал Стивен** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал къулыкъущІ, политик, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор **Ялринский Григорий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Дау Марьянэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Радиожурналист **Гъурф Бэллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр **Лу Рэмзан** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къущюшынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 4 - 5 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узыщымысхьри уимыІэххэри зэхуэдэщ.

Налшык кІапсэ парк къыщызэІуах

Налшык и щІыпІэ нэхъ дахэхэм ящыщ зым - ЕплІанэ гуэлым деж - кІапсэ парк, е нэгъэущІу жыпІэмэ, Панда парк къыщызэІуах. Урысейм щыІэ апхуэдэ паркэхэм инагъкІэ я етІуанэ хъунущ ар. Япэ увыпІэр - Москва, ещанэр - Волгоград иІыгъщ.

БАЛИГЪХЭМИ сабийхэми я зыгъэсэхугъуэ махуэхэр нэгъуэжьу икІи я узынщагъэр ирагъэфІакІуэу «Олаф паркым» накъыгъэм и пэхэм щыщІэдзауэ щагъэкІуэну Іэмал щыІэщ. Зызыгъэпсэхуну зыфІэфІхэм папщІэ лъагъуиплІ къызэрагъэпэщащ: «ГъуэжьІ», «дзыбфэ», «щІыхУ», «плъыжь».

«ГъуэжьІэр» - нэхъ цІыкІу дыдэхэм хухахащ. Я адэ-анэхэм я гъусэу сабийхэм щІэщыгъуэу загъэпсэхуфынущ. Маршрутым и инагъыр зэрыхъур зы метррэ ныкъуэрэщ. Ар яхуэгъэзащ илъэситІым щигъуа цІыкІухэм.

«ЩІыхУр» - ик и маршрутщ. Метрищ хъу ЬагагъымІ тетщ ар. Зи инагъыр зы метррэ сантиметр 30-м щІигъу сабийхэм папщІэ къызэрагъэпэщащ ар.

«ЩІыхУр» - балигъхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ яйщ. Абы метритху и лъагагъщ.

«ПІлъэжьыр» - узыпхыкІыну нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ. Абы метрий и лъагагъщ.

«Олаф паркыр» ихуагащ «Искатели приключений» Іуэхущіапіэм. Трассэ псори шынагъуэнщагъэм зэрызыщІыпхъуэмэ ЗмэпсымэхэмкІэ къызэрагъэпэщащ. Абы щылэжьнухэмрэ ягъэкІуэнухэмрэ ахэр къызэрагъэсабэпынум хэзыгъэгуазэ дерсхэр ятынущ.

Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэхэм и щІысих хъуауэ кІапсэ паркэр яухуэ. Абыхэм Урысейм и къалэ 16-м, СНГ-м апхуэдэ Іуэху 50-м щІигъу щызэфІахащ.

«Олаф паркыр» социальнэ Іуэхущіапіэуи къэплъытэ хъунущ. Мэхуэ хэхахэм абы пщІэншэу ирагъэблагъэнущ унагъуэ зэгуэхэм щыщІахэм, интернатхэм, класс щхьэхуэхэм щыщ сабийхэр. Еджэным нэхъ къыхжаныкІ ныбжьыщІэхэмри Іэмал яІэнущ паркым я зэфІэкІ щепІыжьыну.

Къыхэгъэщыпхъащ апхуэдэ проект Налшык япэу зэрыщагъэзащІэр. Жэщым паркыр ягъэнэхунущ икІи яхъумэнущ.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Псыр псэхэлъхьэжщ

Налшыкыпсым и Іуфэр кІэрыхубжьэрыхум щІигъэнащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыуэпсыр нэхъ дахэхэм хабжэу, ипсэхэр хущхъуэу, и хьэуар къабзэу къалъытэу къокІуэкІ. Ар тхъумэныр къалэну щыІэм я нэхъыщхьэщ, икІи абыкІэ сэбэп хъуну дыщогуть 2017 гъэр Щыуэпсым и илъэсу зэрагъэуцуам. Сытым гу нэхъ лъытапхъэ? А ущІэмкІи, нэгъуэщІхэмкІи зыхуэдгъэзащ КъБКъУ-м биологиемкІэ и къудамэм и егъэджакІуэ, биологие щІэныгьэхэм я кандидат Хьэтыхъу Іэубэчыр.

- Іэубэчыр, дуней псор къапщтэмэ, щІыуэпсыр тхуэхъумэмэ цІыхуцІэ зиІэм ди насыпу жыпІэ хъунущ. Ди щІыналъэм ущгу зыгъэныкъуэу сыт щІэ, щІыуэпсым теухуауэ?

- Пэжщ, щІыуэпс ныкъуасанигъэхэр ди зэхуэдэ щхьэхуэщ. Ди гур зыгъэныкъуэ псоми зэуэ я гугъу пхуэщІынукъым, ауэ псом япэ псы Іэхум и гугъу сщІынуи сыхуейт. «Псыр псэхэлъхьэжщ», - жаІэри, ар япэ итъэщІыпхъэу къалъытэ экологэхми биологэхми. США-м и президенту щыта Кеннеди Джон жиІат: «Нобэкіэ зауэхэр щІекІуэкІыр щІыдагъэм щхьэкІэщ. Ауэ къэсыныр зэман, цІыхухэр псы къабзэ щхьэкІэ щызэзэуэн». А зэманыр къыщысынырыр мыжьыжьэу кІыхьщщхъу. Дунейм щІыхьу тетым я зэхуэдитІым псы къабзэ ягъуэтыркъым. Псыр мыщІагъуэмэ, цІыхум и ГъащІэм илъэси 10 - 15 кІэрохуу. Узыфэу щыІэм я нэхъыбэр къызыхэкІыр псы фІеймрэ абы хэс бактериехэмрэщ. Ди республикэр къапщтэмэ, насыпп диІэщи, дэ псыр къыщыщІэкІэхэм дапэмыжьжьэу допсэу. Ауэ ди бгыжьхъэм тельмыл Іувэхэр щыткІужкІэ къыщІэхэ псыр дыщыпсэу къуажэхэм, къалэхэм къэмыс щІыкІэ фІей тщІыну, пхъэнкІийкІэ ткудэну тхуэзфІокІ! Псалъэм папщІэ, илъэси 150-кІэ узэІэбэкІыжкмэ, Налшыкыпсыр хущхъуэу къалъытэу, Урысейикіэ къыкІыуРа щІыхуэхэр зыгъэпсэхуакІуэ къыгъэкІуэу щытащ, а псым ефэн, псы Іуфэм Іусын къудей щхьэкІэ. Нобэ а псым щІыхум зыщІигъэпскІыну дзыхьщІыгъуэджэщ, апхуэдизкІэ фІей тщІащи. Уеблэмэ гъэмахуэм сабийхэм вакъэ яльыгъуыщ зэрыхьихьэр - апхуэдизкІэ абдж къутахуэ куэд хэльщи, къаУэнкІэ мэшынэри.

- Дауэ, сыт хуэдэ щІыкІэу псыр зэрауцІэпІыр?

- Иужьрей зэманым едгъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм кІыхьзэрагъэпъэгъуэмкІэ, псыр уцІэпІнынымкІэ япэ уВыпІэ зыІыгъыр спиртзаводхэращ. Ахэр зэрылэжьа псы фІейр занщІэу псым хаутІыпщхьэ, ямыгъэкъабзэжу. Апхуэдэ завод пщІы бжьыгъэхэр диІэщ республикэм. Къыхэзгъэщыну сыхуейт Бахъсэныпсым хаутІыпщхьэ псы фІейри. Ар псы ежэхым щІыхаутІыпщхьэр псыр зэрагъэкъабзэж ухуэныгъэхэр яІэкъым, е апхуэдэхэм я лэжьыигъэр зэтеуухуакъыми аращ. Апхуэдэу щІыуэпсым зэран хуохъу псыхъуэхэр, псыр хуиту ирижэн хуэдэу, мывэкІэщхьэр зэрыратхъуэкІыр. Псыр нашэкъашэу ирижэн хуейуэ къегъэщІ щІыуэпсым. Абы ухэІэбэнкІэ Іэмал иІэкъым. Псым гуащІэ хэльщи, ар нашэкъашэу ирижэным трегъэкІуэдэж и къарур. И «гъуэгур» захуэ пщІымэ, и Іуфэхэр гуилъэсыкІынущ, и щІэр щІихынущ. Мы сызытепсэлъыхьа псоми я Іэужьу дипсэжм бдзэжьей хэсыжькъым. Абы къикІыр псым псэ хэмытыжыращ.

- АтІэ, дауэ ди щІыуагъэхэр зэрыдгъэзэкІуэжынур? Сыт ди Іэмал?

- Сэ къызэрызгурыІуэмкІэ, щІыуэпсыр хъумэным теухуауэ гъэсэныгъэ ебгъэкІуэжыну кІасэщ. Къэрал зызыужьахэр илъэс куэд ипэкІэ мы дызытепсэлъыхьа Іуэхугъуэхэм натІэкІэ еуэщ, я щыугъэр къагурыІуэжри, щІыуэпсыр хъумэн зэрыхуейм телажьэу щІадзащ. ИкІи я щІыуэпсыр кърагъэлащ. Дауэ? Хабзэ ткІийра къарукІэ. Дэри аращ дызыхуэныкъуэр. ЩІыуэпсым кІэлъыплъхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэн хуейщ, уэрамыщхьэр е псы Іуфэр пхъэнкІий идзыпІэ зыщІхэм тезырышхуэ ятелъхьапхъэщ, уеблэмэ тутнакъэщым махуэ зыбжанэкІэ исынуи зэранкъым. НэгъуэщІ зыри и Іэмалкъым.

- Щэбэт щІыхьэхуэхэщ?

- Ар, пцІы хэмылъу, сэбэпщ. НэгъуэщІу цІыхум зэхищІыкІынукъым щІыуэпсым хуэсакъэн зэрыхуейр, кьыгурыІуэнукъым, абы лейуэ ирихьи и нэкІэ имылъагъужмэ. Республикэм и щІыпІэ зыбжанэм щэбэт щІыхьэхуэхэр щрагъэкІуэкІыу, пхъэнкІийр машинэщхуэкІэ дашу дыщыгъуазэщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щІыуэпсым лей къыІысыр къыздикІыр апхуэдэ щІыкІэкІэ тхуэгъэкІуэдынукъым. Жылагъуэ палатэм а Іуэхур къыщыІтэри, спиртзавод зыбжанэм я лэжьигъэм кІэльыдгъэпІыжащ, нобэкІэ тхуэзфІэкІыр арати. ЩІыхум зежъ. Абы и зыужьныгъэм къыдэкІуэу, илъэс 20 - 25-рэ къэс щІыуэпсым ихь лэжьыгъэри тІукІэ мэбагъуэ. Абы тепщІыхьмэ, нобэкІэ ди щІыуэпсыр дымыхъуамэмэ, ди бынхэр пхъэнкІиим къыхэнэнущ, псы къабзэ щхьэкІэ зззэуэж хъунущ. Мис ар ди хъарычэтыщІэхэм къагурыІуэну, зэхащІыкІыну сыхуейт. Ахэр нобэрей махуэкІэщ зэрыпсэур, къэкІуэнум емыгупсысу, псы Іуфэхэм деж щІт жыгъэр ираупщІыкІыурэ унэхэр щаухуэ, заводхэр иращІэкІ. УкІэпІыхьанкІэкІэ Іуэхур зэфІэкІыркъым, щхьэусыгъуэращ зэлэжьын хуейр.

Гу лъыВэдгъэтэнут: щІэныгъэлІ Хьэтыхъу Іэубэчыр зытедгъэпсэлъыхьам и зы Іыхьэщ псым теухуар. «ЩІыуэпсым» и къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм нэгъуэщІ Іуэхухэм я гугъу щытщІынущ.

Епсэльар
ФЫРЭ Анфисэщ.

Тамбукъан гуэлым и беягъыр

● Ди щІыналъэм

Ижь-ижьыж лъандэрэ щІыхум щІыуэпсым хущхъуэгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыхех. Абыхэм ящыщщ ятІэри. ЯтІэ хущхъуэр лІэужьыгъуэ 700 ирокъу, дэтхэнэми уэфэ зыбжанэ игъэхъужу. Тамбукъан гуэлым къыхах ятІэм нэхъыфІ щымыІэу къалъытэ нобэкІэ. Абы щІыІэ узыр Іэпкълъэпкъым хеш, неврологие узыфэ зэмылІэужьыгъуэми я хущхъуэгъуэщ, лышх уз, псориаз, нейродермит, щІыфэ къилъэлъ, целлюлит, фошыгъу уз, гу уз, кІэтІий уз зиІэхэм, зи жьэжьейхэр, шхалъэр, щахэр, чэр къызэуэхэм сэбэп яхуохъу. Къыхэгъэщыпхъэщ, ятІэр зэмызэгъ зэрыщымыІэр, аллергие къызэрыхэмыкІыр.

ТАМБУКЪАН гуэлым (Тамбий гуэл) къыщІах ятІэм хущхъуэ бжыгъэнщэхэр къыхащІыкІ. Ахэр узынщагъэр щызэтрагъэувэж Іуэхущапіэхэмрэ сымаджэщхэмрэ куэду къыщагъэсэбэп, хамэ хъэралхэми ящэху.

КъызэрахутамкІэ, гуэл лъабжьэм щІэлъ ятІэ хущхъуэр тонн мелуани 2,5-рэ мэхъу. Ар тхыдэм 1773 гъэ лъандэрэ къыхощыж, 1886 гъэм къыщыщІэдзауэ медицинэми косметологиеми къыщагъэсэбэп, ауэ ди цІыхухэм нэхъ пасэж зэман лъандэрэ зрахьэлІэ. ЯтІэр зэрызэхэлъ микроорганизмхэмрэ минералхэмрэщ и хущхъуагъуэр зэлъытыжари.

Гуэлым и кууагъыр ику иту метри 10 мэхъу, икІи ар уэшхыу, уэсу къехьымрэ гъэм и зэманымрэ ельытащ. Гуэлым и псыр тенджыжьыпсым хуэдэу шыугъэщ.

Тамбукъан ятІэр апхуэдэу сэбэпщ дахагъэмкІэ. Адыгэ бзыльхъугъэхэм Тамбукъан ятІэм удзыпс зэмылІэужьыгъуэхэр хакІэжырти, я напэр ирагъэкъабзэу, зыщахуэу щытауэ жаІэж, я щыІэпр, нэкІур хужь, щабэ, дахэ зыщІри арат. ХъищыкІэ зэмыщІауэ, ятІэм уІэгъэр нэхъ псынщІэу е гъэкІыж, е иримыгъаКІуэу.

Гуэлыр хуэхъурей хэшауэ щытщ, километри 2 и кІыхьагъщ, зы километр и бгъуагъщ, щы гектари 170-рэ еубыд, зыгъэнщІыр уэшхыпсымрэ ЯтІэкъуэ псыежэхым къыхэжьмрэщ. Абы къыщынэмыщІауэ, бжьамий йокІуалІэ, псы хущхъуэ къызыщІэж щІыпІитІ хуащІащ.

Тамбукъан гуэлым гъэщІэгъуэн куэд хэлъщ - фІыцІэу, хьэлъэу, уигъэшынэу къыпщохъу. Ар къызыжькІыр и лъабжьэм щІэлъ ятІэ фІыщІэр гуэлым къызэрызэпхыщ-ращ. А ятІэр абы хэущІа машинэкІэ къыздрахьейри, гъэтІылъыпІэхэм щахъумэ, узынщагъэм щеІэзэ Іуэхущапіэхэм зэбгращ, хущхъуэ зыщІхэм ящэхури, зэмылІэужьыгъуэ куэд къыхащІыкІ. НобэкІэ Тамбукъан ятІэр нэхъыбэу къыщагъэсэбэпыр ЕсэнтІыгу и куроррт-хэращ. Псалъэм папщІэ, 1914 гъэм Семашкэ и цІэр зэрихьэу къызэІуаха, ятІэкІэ цІыхухэм щеІэзэ Іуэхущапіэм хуэдэ Урысейм и мыжакъуэу, Европэ псом щІэкъым. Зы махуэм кьриубыдэу абы цІыху 2500-м щоІэзэ. ЕтІуанэ увыпІэр Пятигорск дэт Іуэхущапіэм еубыд - абы зы махуэм цІыху мини 2-м щоІэзэ. Адэкіэ, Железноводск - цІыху 1500-рэ.

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.


ЯтІэр хущхъуэми, къэкІыгъэм дежкІэ зэранщ.

Гуэлыр бзуэкэм зэралъагъур мыпхуэдэщ

Тхыдэм и щэхухэр

Ди блэкІам щэху куэд къытхуигъэнащ. ЩІэныгъэр жьжьэ нэсами, нобэр къыздэсым къыдгурымыІуэ куэд яхэтщ абыхэм.

ПСАЛЪЭМ папщІэ, Антарктидэм пирамидэ къыщагъэтащ. Ялэ дыдэ абыхэм гу лъыэытар инджылыз зыплъыхьакІуэхэращ. 1910 - 1913 гъэхэм Антарктидэм къыщагъэта пирамидэкэр щІыуэпсым къигъэщІа бгырэ пасэрей цивилизацІэ гуэрым и Іэрыщ ухуэныгъэрэ яхуэзэхгъэкІакъым. Иужьыіуэкіэ, щІэныгъэлІхэм къызэрахутамкІэ, илъэс мелуани 100-кІэ узэІэбэкІыжкмэ, Антарктидэм иубыд щІыпІэр экваторым щыІэ мэз Іувхэм хуэдэу зэщІэкІауэ, гъащІэр къыщІкъуэлъыкІыу щытащ.

Антарктидэм и щэхухэм ящыщщ Пири-Реис и картэри. Мы щІыгур 1820 гъэм кьахутауэ аращ, ауэ XVI лІэщІыгъуэм псэуа тырку адмирал Пири-Реис щІым и картэ зэхигъэувам Антарктидэри итщ. Абы и закъуэкъым - щІыгум и гъунапкъэхэр апхуэдизкІэ пэжу къэгъэлъэгъуаращи, уэгум къеплъыхьыурэ сурэт трихам хуэдэщ. Езы адмиралым биосферэ мэзгъэфІэным и щІыналъэм хеубыдэ. «Іэбагъуэкіэ» йоджэ а бгым къедза шытхми, и бгъуитІымкІэ щыІэ хъунІэхэми.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор КІуэкІуэ Джэмалдин «Адыгская (Черкесская) топонимика» зыфІища и тхылъым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, «Іэбагъуэ» фІэщыгъэр Іыхьитіу зэхэлъщ: «Іэ»-рэ «багъуэ»-у, «Іэщыр щагъэбагъуэ», «Іэщым лы щащІ» мыхьэнэхэр къарыкІыу. ФІэщыгъэр зытеІуэкІауэ хуагъэфащэр мы щІыпІэм щыпэрыхьэт хъунІэхэращ.

Апхуэдэ Іуэху елпъыкІэ яІощ щІыпІэцІэхэр джыным куэд щІэуэ елэжь, Адыгэ Республикэм щыщ щІэныгъэлІ Мэрэтыкъуэ Хьэжкъасым, «Кавказым и топонимикэ псалъалъэ» тхылъ гъуэзэджэр къыддэзыгъэкІа Твёрдый Александр, «Псыжь и топонимикэм теухуа тхыгъэхэр» лэжьыгъэ купщІафІэр дунейм къытезыгъэха Ковешников Владимир сымэ, нэгъуэщІхэми.

● ЩІыпІэцІэхэр

Іэбагъуэ

Адыгэ Республикэм щежэх Щхьэгуащэ и псыщхьэм хуэзэу щыс Гъуазэрыплъ къуажэ цІыкІум кьегъэщІыліа Іэгъуэблагъэм пэгъунэгъуу икІи нэхъ зыкъыщхьэщиІэтыкІауэ узыІуплъэ Іуащхьэ джафэ зэпэхъуреишхуэм «Іэбагъуэкіэ» йоджэ.

Мэз Іувыжьхэмкіэ къуэхъуреихьа жьлэ щІыкІум укъыщежьэу, а бгым и тхыцІэм нэс лъэсу удэкІынумэ, километр 11 хуэдиз дэлъщ. А гъуэгуанэр къызэнэкІыным ику иту сыхьэти 6 - 8 токІуадэ. Іэбагъуэ метр 2689-рэ и лъагагъщ. Абы ищхьэрэкІэ гъэза и джабэ нэкІуэм Щхьэгуащэ сэмэгу лъэныкъуэмкІэ щыхэлъэдэж МэлкІапэ псы бгъунжьым и къуэпсэр хъыщожьэ. Мы Іуащхьэм кьегъэщІылІа Іэгъуэблагъэр Кавказ къэрал биосферэ мэзгъэфІэным и щІыналъэм хеубыдэ. «Іэбагъуэкіэ» йоджэ а бгым къедза шытхми, и бгъуитІымкІэ щыІэ хъунІэхэми.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор КІуэкІуэ Джэмалдин «Адыгская (Черкесская) топонимика» зыфІища и тхылъым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, «Іэбагъуэ» фІэщыгъэр Іыхьитіу зэхэлъщ: «Іэ»-рэ «багъуэ»-у, «Іэщыр щагъэбагъуэ», «Іэщым лы щащІ» мыхьэнэхэр къарыкІыу. ФІэщыгъэр зытеІуэкІауэ хуагъэфащэр мы щІыпІэм щыпэрыхьэт хъунІэхэращ.

Апхуэдэ Іуэху елпъыкІэ яІощ щІыпІэцІэхэр джыным куэд щІэуэ елэжь, Адыгэ Республикэм щыщ щІэныгъэлІ Мэрэтыкъуэ Хьэжкъасым, «Кавказым и топонимикэ псалъалъэ» тхылъ гъуэзэджэр къыддэзыгъэкІа Твёрдый Александр, «Псыжь и топонимикэм теухуа тхыгъэхэр» лэжьыгъэ купщІафІэр дунейм къытезыгъэха Ковешников Владимир сымэ, нэгъуэщІхэми.

ЦІэмэз

Апхуэдэущ адыгэхэр ноби зэреджэр Іуащхьэ къэзыуХъуреихьхэм зыкъыщызэщІэзыкъуэу хым хэлъэдэж псы цІыкІумрэ абдежым щауха Новороссийск къалэмрэ. а цІэр зэрехьэ псыІум кьегъэщІылІа хыжьэми («Цемесская бухта»).

ЦІэмэз псым ирихьэх псыхьэлъэхуэхэмрэ ятІэпсымрэ яуфІей (ясей) псы дэлъэдапІэр нэхъ пасэхэм шэдыльэу кІыхьу ищхьэрэкІэ ехьрт.

Мы щыпІэм адыгэхэр «Щыгу пщыкІуийкІэ» еджэрт. А цІэр щытрагъэІукІам щхьэусыгъуэ иІэщ: пасэ зэманым ЦІэмэз хыжькеим уІухьэн папщІэ, тхыцІэу 18-м ущащхьэдэхьн хуейт.

Дызытепсэлъыхь щІы кІапэм и гугъу ящІынумэ, адыгэхэм «ЧІыхэкІ» - «ЩІыхэкІ» псалъэри къагъэсэбэпырт, «псым жьжьэу хьихь щІы кусэ» мыхьэнэр кърагъэкІыу.

ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, япэщІыкІэ ЦІэмэзкІэ зэджэу щытагъэнур мы щІыпІэм ижькІэрэ къыщыкІ мэз щІырхъ тІэкІуращ. Иужькіэщ а фІэщыгъэр псыми абдежым щауха къалэми щыкІэрыпщІар.

ЩІыпІэцІэхэр джыным куэд щІауэ елэжь щІэныгъэлІхэу КІуэкІуэ Жэмалдинрэ Мэрэтыкъуэ Хьэжкъасымрэ къызэралъытэмкІэ, «ЦІэмэз» фІэщыгъэр япэхэм нэхъ зыхуагъакІуэу щытар «гъудэбадзэхэм я мэз» егупсысыкІращ. «ЦІэпс» топонимым и къэхъуКІэри абы ирагъэщъх.

Мыри щІыгъужьпхъэу къыщІэкІынущ: языныкъуэ адыгэхэм Новороссийск щхьэкІэ «Дзыгъуэ цІыкІу къалэ» жаІэу щытащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

ЦІэмэз хыжьэр - жьжьэу укъыщеплъкІэ.

Дыгъэр хужьщ

● Хьэрш

Дызэригутъэм хуэдэкъым

ЦІыхухэм къызэралъытэмкІэ, ЩІыр - хъурейщ, Меркурийм нэхъ планетэ пщтыр Дыгъэ системэм хэткъым, Дыгъэр - гъуэжьщ. Ауэ, къызэрыщІэкІымкІэ, ар пэжкъым. ЩІы лъабжьэр, зэпымычу зэрыхъейм къыхэкІыу, ди планетэм и щхьэфэри къуэбзбжьабзщ, зэпэхъурейуэ зэрыщымытыр къызыхэкІри аращ. ЩІым и гравитацэри псом дежи щызэхуэдэкъым, атІэ иныкъуэхэм деж ар щынэхъыбэщ е щынэхъ мащІэщ.

* * *

Мазэм и адрей лъэныкъуэр сытым дежи кІыфІщ жьхуаІэр пэжкъым. Апхуэдэу щхьэ къытщыхъэрэ-тІэ?! Мазэм ЩІым зыкъыдегъаз, къыдокІэрэхъуэкІ, араци, Мазэм и зы лъэныкъуэращ сытым дежи тлъагъур. Ауэ абы къикІыркъым Дыгъэр Мазэм и адрей лъэныкъуэм зэи темыпсэу, къимыгъэхуабэу - топсэ икІи кьегъэхуабэ, дэ ар дымылъагъуу ар къудейщ.

* * *

Меркурий Дыгъэм нэхъ зэрыпэгъунэгъуэ къыхэкІыу, ар адрей планетэхэм нэхърэ хуэдэ нэхъ пщтыру къалъытэ. Ауэ, хъэхутэныгъэхэм кьызэрагъэлъагъуэмкІэ, Нэхущвагъуэращ (Венерэ) нэхъ пщтырыр. Меркурий и пщтырагъыр градус 350-рэ хъууэ аращ, Нэхущвагъуэм и температурэр 480-м щынэс кьуэхуэ. Планетэм и хуабагъыр зэлъытар и атмосферэр зыхуэдэращ, армыхъумэ Дыгъэм зэрыпэгъунэгъуращ. Венерэм углекислэ гъуэз куэду щыІэщи, абы хуабэр еубыдри, и щхьэфэр нэхъри къегъэпщтыр.

* * *

Дыгъэр мафІэ хъуреишхуэу куэдым я гугъущ. Пэжщ, Дыгъэм и пщтыраГъыр градус мини 6-м нос, ауэ ар мафІэм ису аракъым, атІэ абы къыщекІуэкІ термоядернэ пІэщІрухэм (реакцэхэм) я Іэужь нэхур гущІэуРащ. КъищынэмыщІауэ, Дыгъэр гъуэжьу къыщІхьэхууращ - ар хужьщ. ЩІым и атмосферэм хужь плъыфэр еубыдри, цІыхум и нэм зэран хуэмыхъун хуэдэу, гъуэжьыфэ хъуауэ къытлъэІэсуращ. Хьэршым лъатэ космонавтэм Дыгъэр хужьщ зэраГъагъур.

* * *

Голливудым хьэршым теухуауэ къыгъэлъагъуэ фильмхэм зэрыхэтымкІэ, скафандр щымыгъуэ цІыхур космосым къыщыхутэмэ, къэуэнущ, зэгуэтхьынущ. Ауэ ари пэжкъым. Псом япэрауэ, цІыхум и щыІэфэр зэшзэзэпІэу къэчэн хуэдэу щыткъым, ар хош. ЕтІуанэрауэ, скафандр щымыгъуэ хьэршым къыщыхутэ цІыхум и Іофкъльэпкъыр градус 46-м нэсу кьэхуабэми, къэуэн хуэдэу и лъыр къэкъуалъэркъым - лъынтхуэхэм зэтраубыдэ. Къэхуабэр цІыхур зэрызэпкърыльэ клеткэхэм дэт ткІуаткІуэращ. Ауэрами, мащІэу къэпщ мыхъумэ, къауэркъым. ЦІыхур зэрыльыкІынур - кислород зэрыхуримыкъуращ. Скафандр пщымыгъуэу хьэршым укъыщыхутэмэ, секунд 15 зэрыдэкІыу укъэмэхынущ, дакъикъи 2 дэкІмэ улэнущ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзэрар
ФЫРЭ Анфисэщ.

Чэщейр хъумэным теухуауэ

Мы жыгым и тхьэмпэхэр гъэм и сыт хуэдэ зэманми щхъуантІэщ. Езыр лІэужьыгъуэ лъапІэхэм хабжэ. И пкъыр къабзэщ (адыгэхэм апхуэдэ псэлъафэ щІаІэри араш). Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мы зэманым чэщейр (самшит) Кавказ Ищхьэрэм щІагъуэу къыщыкІыжьыркъым.

АР КъАЛЪЫТЭРИ, Кавказ Ищхьэрэм и щІыпІэ закъуэм, Адыгэ Республикэм и Цыцэ мэз Іэхуущ-лапІэм, къыщыщэтена чэщей мэз гуэрэнкІэ хъума хъуным хуэгъэза лэжьыгъэ яублащ.

«Кавказым щІыуэпсымкІэ и центр» мыкоммерцэ зэгуэхэныгъэ щхьэхуэмрэ (АНО) дыкъэзыухъуреихь дунейм кІэлъыплънынымкІэ «НАБУ - Кавказ» мыкъэрал Іуэхущапіэмрэ я щІэгъэкъуэну, Мэзыр хъумэныныкІэ центрым и ІэщІагъэлІхэр къэкІыгъэ тельыджэм зэран хуэхъу хъэпІащхэр гъэкІуэдыным яужь ихьащ.

Экологэм зэрыжаІэмкІэ, мы лэжьыгъэм «псэщІэ яхилъхьжьнущ» Кавказым илъэс мелуан 15-м и кІуэцІкІэ щызэщІуэва «колхидэ чэщей» жыг лІэужьыгъуэр къыщызэтена щІыпІэхэм.

«Кавказым щІыуэпсымкІэ и центр» АНО-м и унафэщІ Шушайте Ренатэ и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, чэщей мэзхэр щІыналъэм зэриКІуэдыкІыр экологие тхьэмышщІагъэшхуэу къэпльытэ хъунущ. «Урысейм къызэрыщыхута щІыкІэр ямыщІэ хьэпІащІэ зэранащІэм ильэситху иримыкъум Кавказым и чэщей мэзхэм я процент 99-р ягъэкІуэщІащ. Зы илъэс закъуэ дэкІыжатэмэ, ди деж щІыІэжьнутэкъым чэщей жыг тельыджэр къыщызэтена мэз кусэ тІэкІуэхэр. Абы щыгуэыми, ахэращ къэкІыгэрэ псэущхьэу я нэхъ гъэтыгъуей дыдэхэм хэщІапІэ папщІэу яІэри», - къыхихгъэщхьэхуКІащ абы.

Урысей Федерацэм и Тхьилъпльжьым иратха «колхидэ чэщейр» кьегъэльныным теухуауэ я мурадращи, Адыгеймрэ и бгыльэ щІыпІэхэм гектари 2,63-рэ къыщызэщІэзыубыдэ мэзыр биологие пэтомникыу къалъытэнущ икІи зэрахьэнущ.

«ПсынщІэу багъуэ хъэпІащІэхэм мэзхэр ящІыхьымэныр хуабжьу къалэн гугъущ. Абы къыхэкІыуи, Адыгэ Республикэм Мазхэмкіэ и управленэм щылажьэхэм фІыщІэ ин яхудощІ, щІэныгъэхутэ лжьыгъэхэр къызэдгъэпэщыныкІэ къызэрыддэІэпыкъуам папщІэ. Илъэси 2 - 3-м къриубыдэу а хьэпІащІэр дгъэКІуэдыным, Кавказым чэщей мэзхэр щызэтегъэуувэжыным хуэгъэза ди ляпэ лъэбакъуэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ», - къыхигъэщащ «НАБУ - Кавказ» Іуэхущапіэм и унафэщІ Губченкэ Еленэ.

«Колхидэ чэщейр» къыщыкІыу ди къэралым кІына щІыпІэ закъуэм Іэщагъэлъэпхэр зэпымыууэ щыкІэлъыплъынущ ар зи хэщІапІэ къэкІыгъэхэм я щытыкІэр зыхуэдэм. Кьетхьэжьа Іуэхум дыщекъуПІэрэ - чэщей мэзхэр къыщІэхъуэ щІэблэхэм кьаухэнэнущ. Абы къыдэкІуэри, ди лжьыгъэм цІыхухэр ирегъэгупсысынущ дыкъэзыухъуреихь дунейм сытым щыгъуи дыхуэсакъын зэрыхуейм», - дыщІигъужащ и псалъэм Шушайте Ренатэ.

Мы зэманым ирихьэлІэу экологхэр щхъухьхэмкІэ чэщей жыгхэм тІэунейрэ елэжьащ. Абы папщІэ къагъэсэбэпри цІыхухэм, хьэкІэкхъуэкІэхэм, къэкІыгъэхэм зэран яхуэмыхъу биологие Іэмэпсымэхэмрэ хущхъуэхэмрэщ. Белджылы къызэрыхъуащи, ещанэу елэжьа иужькІэ хьэпІащІэхэм я процент 98-р малІэ. Мыпхуэдэ Іэмал нэгъабэ къыщагъэсэбэпащ Адыгэ Республикэм и щІыналъэм чэщей къыщыкІыу къыщагъуэтыжа нэгъуэщІ зы щІыпІэми. Абы къызэщІеубыдэ гектаррэ ныкъуэм няблагъэ. Зи гугъу тщІа Іэмалхэр кьагъэсэбэпу, чэщей мэз гектари 4-р кърагъэлыфынущ.

БЭРАУ Бышэ.

● Пасэрей цІыхубз цІэрыІуэхэр

ЩІэныгъэм папщІэ зи гъащІэр зыта

Химиемэ зымащІэ хэзыщІыкІ дэтхэнэми зэхихащ Кюри Марие и цІэр. Уеблэмэ абы и цІэр 96-нэ химическэ пкъыгъуэм фІащыжащ - Кюрий (лат. Curium). Марие щІэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа бзылъхугъэ телъыджхэхэм хабжэ.

МАРИЕ Складовская 1867 гъэм Варшавэ къыщалъхуат, сабии- тхум я нэхъыщІэт. Абы и адэр физикт, и анэр школым и унафэщІт. Дауи, щІэныгъэщхэу къэтэджащ хъыджэбз цІыкІури. Псом хуэмыдэу Марие химиер фІэфІти, и дэлъхум и лабораторэм къыщІэмыкІыу щылажьэрт. Химие пкъыгъуэхэм я таблицэр зэхэзыгъэува Менделеевыр Марие и адэм и ныбжьэгъути, и зы хьэщІэгъуэ гуэрым гу льитащ хэгъэрейм и пхъур лабораторэм щІэту. «Мыдэ фыкъаплъи - фыкъэдалуэ! Ар химикышхуэ хъуауэ флъагъунщ», - жиІауэ щытащ Менделеевым.

ЩІэныгъэм иримыгъэкІуалІэу Марие Іэхуегъуиті зэран къыхуэхьурт - кІулейсызыгъэмрэ Варшавэ университетым щІыхуб кІыхьзрамыщтэмрэ. Пщащэм мурад ещІ и шыпхъу нэхъыжь Броня гурыІуэу, Марие илъэситхукІэ гувернанткэу лажьэурэ абы медицинэмкІэ институтыр къригъэхьыну, абы иужькІэ нэхъыжьым Марие иригъэджэжьыну. Арати, Броня Париж щеджащ, еджапІэр кІиухэу дохутыр хъуа ныжь, и шыпхъу нэхъыщІэр Франджым ириджэри, Сорбоннэ щІигъэтІысхащ.

Марие щхьэгъусэ хэзхъуа Пьер Кюри щыхуэзари аращ. Пьер и лэжьыгъэри щІэныгъэри физикэмрэ химиемрэт зэпхари, зэрыша ныжь, зэдэлажьэу щІадзащ, зыр зым дэІэпыкъуэку.

1897 гъэм зэщхьэгъэуситІым бын ягъэтащ. Мазищ нэхъ дэмыкІыуи Марие и лэжьыгъэхэм пищэжащ. А зэманым ирихьалІэу щІэныгъэлІхэм къахутат уран химие пкъыгъуэм нэбзий (излучение) идзу. А къэхутэныгъэщІэм дихьэхри, нэбзийр къыздикІыр иджыну, химием и унэтІныныгъэ щхьэхуэу зригъэужьыну тегушхуащ Марие, аращ япэу ураным елэжьари. Уеблэмэ Пьер физикэмкІэ и лэжьыгъэхэр къигъанэри, химием итхьэкъуэ бзылъхугъэм дэІэпыкъуну мурад ищІат. Апхуэдэу 1898 гъэм зэщхьэгъэсхэм къахутащ химие пкъыгъуэщІэхэр: полонийрэ радийрэ.

Кюри зэлІэфыщым къахута пкъыгъуэхэр утыку кърахьэн ипэ, абы щыхьэт техуэу лжьыгъэхэр илъэсиплкІэ лабораторэм щригъэкІуэкІащ Марие. Нобэ дощІэ а цІыхубзыр зэлэжьа пкъыгъуэхэм радиацэ гуащІэ зыхэзрипкъыкІыр, ауэ ар Марие и узынышагъэм хуэм-хуэмурэ зэран зэрыхуэхъур ищІэртэкъым абы щыгуэмэ.

1903 гъэм радиоактивнэ пкъыгъуэхэмкІэ доктор лэжьыгъэр пхигъэкІащ абы. ЗэрыжаІэмкІэ, щІэныгъэмкІэ хэлъхьэныгъэщхэт Марие и лэжьыгъэр. Абы щыхьэт техуэуи а илъэс дыдэм Мариерэ Пьеррэ Нобелым и саугъэтыр къратащ.

1904 гъэм зэщхьэгъуэсхэм япхуу етІуанэр дунейм къытехьащ. ИлъэситІ нэхъ дэмыкІыу, Марие и дунейр къытекъутащ: 1906 гъэм Пьер машинэм иукІри, Марие зыри хуэмеиж хъуащ. Ауэ бынитІ ипІын зэрыхуейр къыгурыІуэжщ, и бгыр щІикъуэзри, Кюри и лэжьыгъэхэм пищащ, уеблэмэ Пьер зи унафэщІу щыта физикэмкІэ кафедрэм Марие и нэхъыщхьэу ягъэуващ. Арати, Марие Сорбоннэ и япэ цІыхубз-егъэджакІуэ хъуащ.

Марие цІыху щыпкъэт, щхэт, щІэныгъэр и гъуазэт. 1911 гъэм Марие Кюри Нобелым и саугъэт етІуанэу къратащ, радийр медицинэм къыззрыщагъэсэбэпым теухуауэ игъэкІуэкІа къэхутэныгъэщІэхэм папщІэ. Саугъэту къратыр къэхутэныгъэхэм тригъэкІуэдэжьыр бзылъхугъэм, апхуэдизу сэбэпу къиІыпІэ радийм езым уз къызэрыхихам химыщІыкІыу. Марие Кюри 1934 гъэм дунейм екъыжащ, лышх узыфэр къеуалІэри.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Щэнхабзэ

«Лъагъуныгъэм и къарур» кІуэщІыркъым

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым иджыблагъэ къагъэщІэрэщІэжауэ щагъэлъэгъуащ илъэс 30 ипэкІэ цІыхубэм гунэс ящыхъуауэ щыта спектаклыр. КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и Іэдакъэ къыщІэкІа «Лъагъуныгъэм и къару» пьесэм къытращІыкІар.

АДЫГЭ театрым и художественнэ унафэщІ, режиссёр Фырэ Руслан спектаклым щІимыдзэ щІыкІэ театрплъхэм фІэхъус псалъэкІэ захуигъэзащ икІи къыхигъэщащ спектаклыр къагъэщІэрэщІэжу, зэманым декІу ящІу утыку кърагъэжьнымк щхьэусыгъуэ дахэ зыбжанэ зэриІэр.

- Ляэрауэ, дэ догъэлъапІэ УФ-м и цІыхубэ артистэу ТІыхъужь Алийрэ ДыщэкІ КІуэнэрэ къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъур, - жиІащ Фырэ Руслан. - КъищынэмыщІауэ, Къэбэрдей драмэ театрыр къызэрыунэхурэ мы гъэм илъэс 80 мэхъу. Нобэ утыку къиубэнухэм яхэтщ нэхъапэм фцІыхуа, фІыуэ флъэгъуа артистхэри, актёр Іэщ-щІагъэр зрагъэгъуэту гупым къытхихьагъащІэ щІалэгъуалэм щыщи. Ди гуапэ хъунущ ди лэжьыгъэщІэр гунэс фщцыхъумэ, Іыхьэ лейуэ дыщыгуфІыкІынущ зи утыку итыкІэр фигу ирихь ди артист щІалэхэм къахэкІмэ.

Премьерэм зыкърезыгъэсэлІахэм я щыфэлІыфэм тепщІыхьмэ, абыхэм мымащІэу яхэтт ТІыхъужь Алийрэ ДыщэкІ КІуэнэрэ щыджэгуауэ щыта «Лъагъуныгъэм и къарур» зыльэгъуахэр, ар фІыуэ зыщІэжхэр. Ауэ къыхэгъэщІипхъэщ, пьесэр зыгъэувыжахэм мурад яІар абы «сабэр тральэщІыкІыу» иджырей театреплъхэм я пащхьэ къильхьэжьын къудейратэкъым, атІэ лъагъуныгъэ нэсым, къабзэм, пэжым цІыхум и гъащІэр нэхъыфІкІэ ззэзхъуэжкІыфын къару зэрыбгъадэлъыр къэгъэльэгъуэныр. Абы хущІэкъуащ утыкум къихьа дэтхэнэ артистри, щхьэж и зэчиймрэ и зэфІэкІымрэ къызэритІасэм хэудизкІэ.

Пьесэм хэт пІыхъужь нэхъыщхьэхэм ящыщу зэщхьэгъусэхэу Мыскьудрэ Баринэрэ я ролхэр зыгъэззэщІар Быдэ Хьэсэнрэ Хьэмыку Жаннэрэщ. Фигу къэдгъэкІыжьыщи, а ролхэрат ТІыхъужь Алийрэ ДыщэкІ КІуэнэрэ ягъэззэщІар, ауэ Быдэми Хьэмыкуми зыпащІыжакъым нэхъапэм джэгуахэм, атІэ езыхэм хьэл-щэн «зрата» образхэр къагъэщІыжкащ.

И джэгукІэкІи, и тепльэкІи, и жанагъэкІи театреплъхэр къэд щІауэ зытхьэкъуа КІэхумахуэ ФатІимэ къыльыса ролым спектаклым хэту хъуар зэригъэубыдыр икІи зэпищІэрт. Адыгэ театрым узыщІигуфын щІэблэ къызэрыщІэуэвэр нэрыльагъу къащІащ дипломнэ лажьыгъэ купщІафІэкІэ нэгъабэ ящу утыкум къихьауэ щыта артист ныбжьыщІэхэм ящыщу Бад Иннэрэ Джатэжьокъуэ Константинрэ.

Спектаклым гукъыдэж къаазэриратам, театр утыкум щалъэгъуар ягу зэрырихьам и щыхьэту, цІыхухэм Іэгуауэшхуэ яІэтащ, джэгуаэхэр удз гъэгъакІэ щІагъэнащ.

Р.S. Адыгэ театрыр фІыуэ зыльагъуэу «Адыгэ псалъэ» газетым и щІэджыкІакІуэхэм хьыбар фыдогъащІэ: Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым мазыжьыхьым и 10 - 11 махуэхэм щагъэлъэгъуэнущ Іутіыж Борис и пьесэмкІэ режиссёр ЕмкІуж Андзор игъэува «Хьэпэщцыпхэ» спектаклыщІэр.

КЪЫП Данэ.

● Шхыныгъуэхэр

Къэлэр шыпс

Къэлэрым и чэзур гъатхэпэ зэманырщ. Абы куэду хэльщ эфирнэ дагъэ, аскорбиновэ кислота, фитонцидхэр, нэгъуэщІ куэди. Къэлэрыр хуабжьу сэбэпышхуэ яхуохъу зи шхалъэ узэкІм, гипертоние зиІэхэм, пыхуСыху зэуалІэхэм. Ар губгъуэхэм, мэз лъэпэхэм къыщокІ. Къэлэрыр зэрыщІынэуи яшх, шхыныгъуэхэми халъхьэ, щІымахуэми хуагъэтІылъ. Абы шыпс кІыхащІыкІын папщІэ и лъабжьэр пач, ягъэкъабзэ, псы щІыІэкІэ фІыуэ ятхьэщІри ягъэгъущІыж, итІанэ щІыкІу-щІыкІуурэ сэкІэ зэпагъэльэлъ, убалъэм иралъхьэ, шыгъу хаудэри, щабэ хъуху яуб. Ар хьэкъущыкъу мыуплъфи иралъхьэри и щхьэр тепІауэ щІыІапІэм дакъикъи 10-12-кІэ щагъэув, зэхэщыпсыхьын щхьэкІэ. Къэлэр зэхэшыпсыхьам шатэ хакІэ, шыбжий сыр хьэжа хагъэщащэри, фІыуэ зэІащІэж. Тепщэч щІыкІыкІэ щхьэхуэу Іэнэм трагъэувэ. Дашх кІэртІоф гъэвам, лы гъэвам. Мырамысэми пІастэ хуабэми докІу.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):
Къэлэр убауэ - г 100
Шатэу - г 250-рэ
Шыбжий сыр хьэжауэ, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Жэрумэ гъэгъуа, кІэртІоф щІэлъу гъэжьауэ

Жэрумэ гъэгъуар см 2 и Іувагъуу хъурейуэ зэпаупщІ, Іуданэкіэ пхамэ, ар къыхах, тебэ къэплъам сатыру зэлъэмыІэсу Іубауэ иралъхьэ. Абы псы щІыІэ щІакІэри и щхьэр трапІэ, мафІэ цІыкІум тету ягъавэ. МафІэр инмэ, жэрумэр мыжьэ щІыкІэ псыр щІоващІэ. Псыр дакъикъэ 25 - 30-кІэ щІэвэщІэн, жэрумэр абы дэвэн хуейщ. ИтІанэ ІупщІэуръэ упщІэта кІэртІоф, шыгъу, бжьын упщІэта, шыбжий плъыжь сыр халъхьэри, тебащьэр тепІауэ, мафІэ цІыкІум тету аргуэру дакъикъи 6 - 8-кІэ ягъажьэ езым къыщІэжа дагъэмкІэ. Хьэзыр мэхъу щыжаІэм, псы щІыІэ тІэкІу щІакІэри зэІамыщІэу дакъикъи 8 - 10-кІэ ягъажьэ. Іэнэм зэрытрагъэувэр пщтырущ. ПІастэ хуабэ, щІакхъуэ, чыржын, мэжаджэ дашх.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ):
Жэрумэ гъэгъуауэ - г 160-рэ
КІэртІоф укъэбзауэ - г 250-рэ
Псывэу - г 150-рэ
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 30
ЕтІуанэу щІакІэ псывэу - г 100
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Сабий джэгукІэхэр

Гухьэ икІ

ДЖЭГУКІЭР зэрекІуэкІыу щытар мыпхуэдэущ. ЩІалэ щІыкІуи хъыджэбз цІыкІуи - джэгуу хъуар - пщІантІэм дэт выгум итІысхьэрт, зы фІэкІа кхъымэущ. А зым щхьэкІэ хэт Іэхъуэ жаІэ, хэти зы хьэкІэхъуэкІэ гуэрым и цІэр фІащ. Ирехъу ар Іэхъуэ. АтІэ, иджы гум исхэр, Іэхъуэр зэгуагъэпу, къолъэ, абы зыкърамыгъэубыду пщІантІэр къажьхьри, гум долъеижь. Языныкъуэхэм деж нэхъ бзаджэхэм я щхьэр ищІагъуу гум зыкърагъэлэлэх, зэми я щхьэр щІым ирагъІуСэ. Апхуэдэм деж Іэхъуэр къэсрэ абы къеІуСэмэ, къауІауэ аращи, къауІар Іэхъуэ мэхъури, мыдрейр гум исхэм яхохьэ.

Къэхъурт гум ис псори зэгурыІуэу къеІэрэ Іэхъуэм зэ зым, зэми адрейм къыкІэлъижьхьурэ зыри къыхуэмыуІэу гум щитІысхьэж. Апхуэдэм щыгъуэ Іэхъуэр псоми зэгуагъэпырт: «Утедыкъыхьащ», - жаІэурэ.

МАФІЭДЗ Сэрэбий.

● Псалъэжьхэр

Нэхъыщ Іэ нэхъ щІасэщ

♦**Быныр нэм и хъуахуэщ.**
♦**Еблагъэ зи бэм и бын мэжалІэрэкъым.**
♦**Джэду хьэжы зыкъещІ.**
♦**Зэхуэфащэ зэщауэгъуэщ.**
♦**НэхъыщІэ нэхъ щІасэщ.**
♦**Унагъуэ зиІэм унагъуэ и пІалъэ ещІэ.**
♦**Бысым гуащІэ хьэщІэ и щІасэщ.**
♦**Зи щхьэ уи унэ исым и псэ уи унэ илъщ.**
♦**Уи гъунэгъу и фэ къыптоуэ.**
♦**Къуажэ дэз Іыхьлы нэхърэ жылэ и зырыз благъэ.**
♦**Нэм пэжыжьэми, гум пэблагъэщ.**
♦**Къуэр напщІэщ, пхъур набдзэщ.**
♦**Псэр зэхъуапсэр дахэщ.**
♦**Уи бынрэ уи благъэрэ умыбж.**
♦**Унагъащ Іэ хьэщІэхуэфІщ.**
♦**Хьэщ Іэр бысымыи и гъэрщ.**

● Щапхъэ

КъежьапІэ

Дэтхэнэ зы сабийми и гур дэзыхьэх Іуэхугъуэ гуэр иІэщ. Ар гъащІэм къыщигъэсэбэныфмэ, и насыпщ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, сабийм и къуэхьым зэрызиужьым укІэлъегъэлІ. Апхуэдэ щІалэ ахъырэмащ Къулъкъужьм Ищхъэрэ къуажэм и еплІанэ еджапІэм щІэс Кумыщ Сэлим.

СЭЛИМ ещанэ классым щоджэ, куэдым дехьэх. Зэрыщ Іыкі лъандэрэ сурэт ещІ. Ауэ есэпым пищІ щыІэу фІэщщыгъуейщ. Сэлим зыщІэс еджапІэм иджыблагъэ щекІуэкІа зэпеуэм щІалэм япэ ивыпІэр къыщихьащ.

Куэд щІакъым абы и екъулІэныгъэ есэпымкІи къызэригъэльагъуэрэ. ЕджапІэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэм щытекІуэри, район зэпеуэм кІуащ, текІуэныгъи къихьащ. Кумыщ Сэлим дохьуэхъу дяпэкІи и зэфІэкІым хигъахъуэу, ехъулІэныгъэхэр и куэду и гъащІэ гъуэгур икІуну.

КІУЭКІУЭ Хьэішэт.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1.** Іупэцабзм а шхыныгъуэм цы къыхех. **4.** Кхъухьлъатэзехуэу Хэку зауэшхуэм хэта, Совет Союзым и ЛІыхъужь. **9.** Хадзэкі. **10.** ... и къуэ нарт Щэуей. **12.** УнэлъащІэ. **14.** ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **16.** Дохутыр Іэзэм щІалэр ... къригъалащ. **17.** ЩІыкІэз ... хущІанэ. **19.** ПІпІыр, къэрэгъул, ... **20.** Унэгуащхэм ... лъакъуищым шхын къытрилъхьащ. **22.** Щоджэнцыкіу Алий и усэ зыбжанэм щигъафІэ удз гъэгъа къащхъыуафэщхъуантІафэ цІыкІу, гъатхэм ласэу щІым къыхэжу. **24.** Псыежэх цІыкІур, гуэлыр, псыІэрышэр зи щІасэ джэдкъаз. **28.** Узэсэ ... **29.** ЩІалэ къэгубжьам ... иреч.

Къехьу: **1.**Ику иту тонн 70 - 80 хуэдэ къэзышэч псэуцщхэ. **2.** КІэртІоф, лы е кхъуейлъалъ щІэ дэлъу ягъэхьэзыр шхыныгъуэ, хъыршын. **3.** Жыгыку гъуанэхэр зи псэупІэ псэущхьэ кІэ баринэ щІыкІу. **5.** ЩІэнэкІалъэ, дыхьэшэн. **6.** Набдзэ ... **7.** ... куцІрэ фо цІынэкІэ япІащ щІалэр. **8.** Зи ныбжьыр илъэс 70 ирикъуа композитор цІэрыІуэм ... лъапІэ иратащ. **11.** Псы Іуфэхэм, чыцэхэм щыпсэу къуалэбзу цІыкІу, щІагъуэу мыльэтэфу. **13.** «ЦІыхубз», «бзылъхугъэ» псалъэхэр нэгъэущІу зэрыжаІэ. **14.** ЛІым и шыпхъу. **15.** Къамэ, джатэ, ... **18.** ЦІыхухъущІэ е Щоджэнцыкіу Алий и романым хэт лІыхъужь. **21.** Ди унафэщІым ... сищІауэ сызэгуегъэп. **23.** ПІалъэкІэ губгъуэм щащІа псэуалІэ зэгъэпцІа. **24.** Нартыху ... е дыгъэ ... **25.** Іэщ цІыкІу, щІэжьей. **26.** Уафэм къех псыІэгъэ. **27.** ПщІыхьэпІэ яльэгъуар яІуэтэжмэ, жаІэ хабзэщ: « ... ухъу!»

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэлыжьыхьым и 1-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1.** Псыжь. **3.** Бжьын. **5.** Индонезие. **7.** КІытэ. **8.** Гъудэ. **9.** Хуарэ. **12.** КІэщт. **13.** Дэлъху. **17.** ТешанкІэ. **19.** Бо. **20.** Вы. **21.** Къаныргъэ. **26.** Лашэ. **27.** Пшэр. **29.** Джэш. **31.** Щам. **32.** Псым. **34.** КІуэдыжьгъуэм. **35.** Нэпс. **46.** Санэ.

Къехьу: **1.** ПщыукІ. **2.** ЖьантІэ. **3.** Бзиижу. **4.** Набжэ. **6.** Надэ. **10.** Пщае. **11.** ХьэукІ. **12.** КІэ. **14.** Хугу. **15.** Къатыр. **16.** Гъубж. **18.** Быф. **22.** Ахъшэ. **23.** Гъашэ. **24.** Къул. **25.** Хур. **28.** Къанж. **29.** Дыжьын. **30.** Шхэпс. **32.** Пхъэпс. **33.** Мастэ.

● Фэ фщІэрэ?

Псэлъафэхэм къарыкІыр

Псым хэмыхьэу бдзэжьей ишхын фІэфІщ

Гугъу зрамыгъэхьу, - «мыпщІантІэу тхьэн хьилагъэр псэукІэ зыхуэхъуахэм» ятеухуащ.

Псыпэр зэрыжэм псыкІэри ирожэ

Гъэсэныгъэм екъэлІауэ нэхъ къагъэсэбэп псэльафэщ: бынхэр (нэхъыщІэхэр) я адэ-анэхэм (нэхъыжьхэм) ядоплъей, я щахпхъэм ирогъуазэ, абыхэм я лъэужьыр езыхэми яху.

Ямыгъэпсалъэ яукІыркъым

ЦІыхур и щхьэ къыщхьэщыпсэлъыкІыну, къызыщхьэщыжьыжьыну, зыхуэуэчылыжыну хуитщ.

Щхьэ къуийм и лажьэр щхьэ псом ищІэркъым

НэгъуэщІым игъэвыр, и Іуэху зыІутыр зэхэзымыщІыкІхэм яхуэгъэза псэлъафэщ.

Пхъэ щакъутэм хуэщІий щолъей

Щыуагъи ныкъусаныгъи къыхэмыкІыу мыхьэнэшхуэ дыдэ зиІэ Іуэху зэфІэкІыркъым, жьхуаІэщ.

ЩАУЭ Къэлидар.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр
Хьэфіыціэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Кьардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдэжкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэху жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтеуэу зэпыту щытхъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и уэтынныгъэр хъуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Сонэ,** *редактору* **НэщІэпыджэ Замирэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ІэхытІыкІ Аэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ,** *компьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Мариэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ●Тираж 3.711 ● Заказ №423